Wo`zbekstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’

Tariyx fakul`teti

ARZI’MBETOV TILEWBAY JUMABAYEVICH

«WATAN TUYG`I’SI’» PA`NIN WOQI’TI’WDA KLASSTAN TIS JUMI’SLARDI’ SHO’LKEMLESTIRIW METODIKASI’

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

Ilimiy basshi’:
f.i.k. Muratbaeva A.J

No`kis-2012

Pitkeriwshi talaba Arzi’mbetov Tilewbay Jumabaevichtin` «Watan tuyg`i’si’» pa`nin woqi’ti’wda klasstan ti’s jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw metodikasi’» temasi’ndag`i’ pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ «Milliy ideya, ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha`m huqi’q ta`limi» kafedrasi’ni’n` 2012-ji’l «___» ____________ ku`ngi __ - sanli’ protokoli’ tiykari’nda ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’na jaqlawg`a jiberiwge usi’ni’s yetildi.

«Milliy ideya, ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha`m
huqi’q ta`limi» kafedrasi’ basli’g`i’: J.Bazarbaev

Pitkeriwshi talaba Arzi’mbetov Tilewbay Jumabaevichtin` «Watan tuyg`i’si’» pa`nin woqi’ti’wda klasstan ti’s jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw metodikasi’» temasi’ndag`i’ pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ 2012-ji’l «___» ____________ ku`ngi institut rektori’ni’n` __ - sanli’ buyrug`i’ menen ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’na jaqlawg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’ qarari’ menen Arzi’mbetov Tilewbay Jumabaevichtin` pitkeriw qa`nigelik jumi’si’na _____ ball qoyi’ldi’.

**«Watan tuyg`i'si'» pa`nin woqi'ti'wda klasstan ti's jumi'slardi' sho`lkemlestiriw metodikasi'**

Jobasi':

Kirisiw

I. «Watan tuyg`i'si'» pa`ninen klasstan ti's jumi'slardi'n` ma`nis-mazmuni', a`hmiyeti

1.1. Klasstan ti's jumi'slar, wolardi' sho`lkemlestiriw ha`m basqari'wdi'n` teoriyali'q aspektleri

1.2. Ta`rbiyali'q isler protsessinde qollani'latug`i'n pedagogikali'q ta`sir usi'llari'

II. «Watan tuyg`i'si'» pa`ninen klasstan ti's jumi'slardi' sho`lkemlestiriw metodikasi'

2.2. «Watan tuyg`i'si'» pa`ninen klasstan ti's jumi'slar sistemasi'n jetilistiriw metodikasi'.

2.2. «Watan tuyg`i'si'» pa`ninen klasstan ti's ilajlar texnologiyalari'

Juwmaqlaw

Paydali'ni'lg`an a`debiyatlar

## Kirisiw

Wo`zbekstan Respublikasi' huqi'qi'y demokratiyali'q ma`mleket, yerkin puqarali'q ja`miyet quri'w joli'nan barar yeken, wo`z puqaralari'ni'n`, a`sirese wo`sip kiyati'rg`an a`wlad ha`m bolashaq qa`nigelerdin` ma`nawiy qa`liplesiwine ayri'qsha itibar qaratpaqta.

2012-ji'l 19-yanvar`da Wo`zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin` 2011-ji'ldi'n` tiykarg`i' juwmaqlari' ha`m 2012-ji'lda Wo`zbekstandi' sotsialli'q-ekonomikali'q rawajlandi'ri'wdi'n` u`stinlikke iye wazi'ypalari'na bag`i'shlang`an ma`jiliste Prezidentimiz Islam Karimov «2012-ji'l Watani'mi'z rawajlani'wi'n jan`a basqi'shqa ko`teretug`i'n ji'l boladi'» atamasi'ndag`i' bayanati'nda bilimlendiriw tarawi'n rawajlandi'ri'w boyi'nsha a`melge asi'ri'lg`an isler tuwrali' ayri'qsha toqtali'p wo`tti. Wo`tken ji'llar dawami'nda jurti'mi'zda uli'wma worta bilimlendiriwden baslap arnawli', ka`sip-wo`ner ha`m joqari' bilimlendiriwge shekem bolg`an buwi'nlarda bilim ha`m puxta ka`sip-wo`ner tayarli'g`i'na iye bolg`an jas a`wladti' ta`rbiyalaw protsessin wo`z ishine alg`an bir pu`tin u`zliksiz bilimlendiriw sistemasi'n qa`liplestiriw isleri izshil dawam yettirildi[1].

Joqari' rawajlani'wdi' ta`miynlewde «Bilimlendiriw haqqi'ndag`i'» Ni'zam ha`m Kadrlardi' tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi'ni'n` ba`rkamal a`wlad ta`rbiyasi'ndag`i' worni' ha`m a`hmiyetin to`mendegi jag`daylar menen tu`sindiriw mu`mkin:

1. Milliy bag`darlamani'n` a`melge asi'ri'li'wi' ja`miyettegi sotsialli'q-siyasiy wortali'qqa unamli' ta`sir ko`rsete basladi'.

2. Kadrlardi' tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi'n a`melge asi'ri'w protsessinde shaxsti'n` ja`miyettegi wo`z worni'n belgilep ali'wi' belsendilespekte.

3. Bilimlendiriwdin` milliy modelin a`melge asi'ri'w ja`miyette yerkin pikirleytug`i'n shaxsti'n` qa`liplesiwine ali'p kelmekte.

[1] Islom Karimov. 2012 yil Vatanimiz taraqqiyotini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi // O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning 2011 yilning asosiy yakunlari va 2012 yilda O'zbekistonni ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirishning ustuvor ywnalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasining majlisidagi ma`ruzasi // T.: O'zbekiston, 2012, 15-bet.

4. Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy modeli ja`miyettin` potencial imkaniyatlari’n ju`zege asi’ri’w faktori’ si’pati’nda u`lken a`hmiyetke iye bolmaqta.

5. Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy bag`darlamasi’ ha`m woni’n` modelin a`melge asi’ri’w milliy ha`m uli’wmainsani’y qa`diriyatlar tiykari’nda ta`lim-ta`rbiya protsessin zamanago`y basqi’shqa ko`teriwge qarati’lg`an boli’p, bul bolsa wo`z gezeginde puqarali’q ja`miyet tiykarlari’n qa`liplestiriwge u`les qospaqta.

6. Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy bag`larlamasi’n turmi’sqa yengiziw Wo`zbekstanni’n` xali’qarali’q maydanda mu`na`sip wori’n iyelewinde man`i’zli’ a`hmiyetke iye bolmaqta.

7. Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy bag`larlamasi’ milliy g`a`rezsizlik ideyasi’ni’n` tiykarg`i’ tu`sinik ha`m printsiplerine u`nles boli’p, wolardi’n` ha`r yekewi de ba`rkamal a`wladti’ qa`liplestiriwge qarati’lg`an boli’p tabi’ladi’.

8. Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy bag`larlamasi’ni’n` a`melge asi’ri’li’wi’ ma`mleketimizde demokratiyali’q reformalardi’ ja`nede teren`lestiriw ha`m rawajlandi’ri’w kontseptsiyasi’nda belgilep berilgen u`stinlikke iye wazi’ypalardi’n` wori’nlani’wi’n toli’q ta`miynlewge xi’zmet yetedi.

9. Ma`mleketimizde bilim ali’wshi’lardi’ ma`nawiy - a`dep-ikramli’li’q ta`rbiyalawdi’n` ha`m bilimlendiriw islerinin` na`tiyjeli formalari’ ha`m usi’llari’ islep shi’g`i’li’p, yengizilmekte.

10. Bilimlendiriw ha`m kadrlar tayarlaw boyi’nsha bilimlendiriw ma`kemelerin attestatsiyadan wo`tkiziw, akkreditatsiyalawdi’n` na`tiyjeli sistemasi’ ju`zege keldi.

11. Jan`a sotsialli’q-ekonomikali’q sha`rayatda bilimlendiriwdin` talap da`rejesindegi sapasi’n, kadrlar tayarlaw sistemasi’ni’n` a`meliy na`tiyjesi ha`m turaqli’ rawajlani’wi’ni’n` kepillikleri, u`stinlikke iye bag`darlari’n ta`miynleytug`i’n normativ, materialli’q-texnikali’q ha`m infonmatsiyali’q bazasi’ jarati’ldi’.

12. U`zliksiz bilimlendiriw ha`m kadrlar tayarlaw sistemasi’na byudjetten ti’sqari’ g`a`rejetler, soni’n` qatari’nda, shet yel investitsiyalari’ tarti’lmaqta.

13. Kadrlar tayarlaw tarawi'nda shet yelli ma`mleketler ha`m xali'qarali'q sho`lkemler menen wo`z-ara ma`npa`a`tdar birge islesiw rawajlanbaqta. Atap aytqanda, Wo`zbekstan Respublikasi' Prezidenti Islam Karimovti'n` baslamasi' menen Tashkentte 2012-ji'l 16-17 fevral` ku`nleri wo`tkizilgen «Joqari' bilimli ha`m intellektual rawajlang`an a`wladti' ta`rbiyalaw - ma`mleketti turaqli' rawajlandi'ri'w ha`m modernizatsiyalawdi'n` yen` a`hmiyetli sha`rti» atamasi'ndag`i' xali'qarali'q konferentsiyada Jurtbasi'mi'zdi'n` Wo`zbekstanda bilimlendiriw tarawi'n reformalaw, joqari' bilimli ha`m intellektual rawajlang`an a`wladti' ta`rbiyalaw boyi'nsha a`melge asi'ri'li'p ati'rg`an bag`darlamani'n` tiykarg`i' maqseti ha`m wazi'ypalari', ma`nis-mazmuni' qi'sqasha bayan yetilgen so`zi xali'qarali'q konferentsiya jumi'si'nda man`i'zli' a`hmiyetke iye boldi'.

Ma`mleketimizde qabi'l yetilgen barli'q sotsialli'q bag`darlamalar Watani'mi'zdi'n` gu`lleniwi, jurt ti'ni'shli'g`i' ha`m xali'q pa`rawanli'g`i'n ta`miynlewge qarati'lg`an. «Ba`rkamal a`wlad ji'li'» mu`na`sibeti menen qabi'l yetilgen Ma`mleketlik bag`darlama da mazmun-ma`nisine ha`m a`hmiyetine ko`re, ma`mleketimizdin` joqari' maqsetlerge yerisiwinin` isenimli kepili boli'p, wo`zinin` jeke pikirine iye, bekkem yerkli, hesh kimnen kem bolmag`an ba`rkamal a`wladti' ta`rbiyalaw joli'nda ha`reket bag`darlamasi' boli'p xi'zmet yetpekte.

Milliy ideologiya wazi'ypalari' ta`rbiyali'q protsesste arnawli' sho`lkemlestirilgen ma`nawiy-ag`arti'wshi'li'q jumi'slar arqali' a`melge asi'ri'ladi'. Ta`rbiyali'q protsess bilimlendiriw ma`kemelerinde wo`zine ta`n ma`niske iye. Aldi'n`g`i' milliy, ma`nawiy-moralli'q qa`diriyatlar ha`m wo`lshemler, xali'q pedagogikasi', ma`resimler, bayramlar, woyi'nlar ha`m basqalar bilimlendiriw ma`kemelerinde ta`rbiyali'q protsessti sho`lkemlestiriw tiykari'na quri'li'wi' kerek.

Bilimlendiriw ma`kemeleri ta`rbiyashi'-oqi'ti'wshi'lari' milliy ideya menen qurallang`an boli'p, woni' ha`r bir puqara sanasi'na jetkiziw ko`nlikpelerine iye boli'wlari' lazi'm. Wo`zbekstan Respublikasi' Oliy Majlisinin` IX sessiyasi'nda qabi'l yetilgen «Bilimlendiriw haqki'ndag`i'» ha`m «Kadrlardi' tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi' haqqi'ndag`i'» ni'zamlarda bayan yetilgen bilimlendiriw

sistemasi’ni’n` reformasi’, sonday-aq, Respublika Prezidentinin` Oliy Majlis IX sessiyasi’ndag`i’ «Ba`rkamal a`wlad - Wo`zbekstan progressinin` fundamenti» bayanati’ barli’q tarawdag`i’ ta`rbiyali’q jumi’slar metodikasi’, formasi’ ha`m mazmuni’na pedagogikli’q texnologiyalardi’ kirgiziw ha`mde woqi’wshi’ jaslarg`a izshil ta`rbiya beriwdin` na`tiyjeli jollari’n jarati’wg`a qarati’lg`an.

Sol sebepli de, bu`gingi ku`nde u`zliksiz bilimlendiriw sistemasi’nda shaxsti’n` ma`nawiy-ag`arti’wshi’li’q qa`liplesiwi menen baylani’sli’ sorawlarg`a juwap beriw, u`zliksiz bilimlendiriw sistemasi’nda iskerlik ko`rsetip ati’rg`an xi’zmetkerlerdin` usi’ bag`dardag`i’ ko`plikpe ham yepliliklerin artti’ri’wg`a qarati’lg`an a`meliy usi’ni’slar beriw, ta`lim-ta`rbiya protsessinde pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w metodikasi’n usi’ni’s yetiw, wolarda treningler ha`m ashi’q diskussiyalar wo`tkiziw, sonday-aq sabaqlardi’ jeke, jupli’q, kishi toparlar ha`m ja`ma`a` ta`rtibinde sho`lkemlestiriw ha`m wo`tkiziw, sonday-aq woqi’wshi’lardi’ ta`rbiyali’q protsesske tarti’w ma`selelerine bag`i’shlang`an kerekli metodikali’q usi’ni’slar ha`m ma`sla`ha`tlerdi pedagog kadrlarg`a jetkiziw ha`zirgi ku`nnin` aktual wazi’ypasi’ boli’p tabi’ladi’.

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’z da usi’ wazi’ypalar sheshimine bag`darlang`an. Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’nda uli’wma bilim beriwshi mekteplerde «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’: tiykarg`i’ tusinik ha`m printsipler» topari’nan oqi’ti’latug`i’n «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s jumi’slardi’ na`tiyjeli sho`lkemlestiriw jollari’n, usi’llari’n izertlewdi maqset yetip qoydi’q. Usi’ maqsetten kelip shi’g`i’p to`mendegi wazi’ypalardi’ belgiledik:

- klasstan ti’s jumi’slardi’n` ma`nis-mazmuni’n, a`hmiyetin, tu`rlerin u`yreniw, wolardi’n` «Watan tuyg`i’si’» pa`nine baylani’sli’ tu`rlerin analizlew;

- ta`rbiyali’q jumi’slar ha`m wolardi’ sho`lkemlestiriw, sonday-aq basqari’wdi’n` teoriyali’q aspektlerin u`yreniw;

- ta`rbiyali’q ha`m klasstan ti’s jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw ha`m wo`tkeriw jollari’, usi’llari’n izertlew, analizlew;

- uli’wma bilim beriwshi mektepler ushi’n «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s ilajlar stsenariylerin islep shi’g`i’w.

## I. «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s jumi’slardi’n` ma`nis-mazmuni’, a`hmiyeti

### 1.1. Klasstan ti’s jumi’slar, wolardi’ sho`lkemlestiriw ha`m basqari’wdi’n` teoriyali’q aspektleri

Milliy ideologiya, joqari’ ma`nawiyat wazi’ypalari’ arnawli’ sho`lkemlestirilgen ma`nawiy-ag`arti’wshi’li’q jumi’slar, sonday-aq ta`lim-ta`rbiya protsessinde ha`m sabaqtan ti’sqari’ shi’ni’g`i’wlarda a`melge asi’ri’ladi’.

A) Woqi’wshi’lar iskerliginin` sabaqtan ti’sqari’ sistemasi’n joybarlasti’ri’w

Sabaqtan ti’sqari’ iskerlik sistemasi’ woqi’ti’wdi’n` teoriyali’q ha`m a`meliy sistemasi’n toli’qti’radi’. Woni’n` tiykarg`i’ wazi’ypasi’ woqi’wshi’lardi’n` woqi’wdan ti’sqari’ waqi’ti’ dawami’nda wo`zin-wo`zi ta`rbiyalaw ha`m sotsialli’q paydali’ miynet penen shug`i’llani’wi’ ushi’n aqi’lg`a muwapi’q bo`listiriwge ja`rdem beriw boli’p tabi’ladi’.

Woqi’wshi’lardi’n` sabaqtan ti’sqari’ iskerligin joybarlasti’ri’w wazi’ypalari’na to`mendegilerdi kirgiziw mu`mkin:

- sotsialli’q beyimlesiw shen`berin sho`lkemlestiriw ha`m woqi’wshi’lardi’n` sotsialli’q ha`reketshen`ligin ko`rsetiw;
- bolashaq qa`nigelerdin` ka`siplik beyimlesiwi ushi’n sha`rt-sha`rayat jarati’w;
- woqi’wshi’lardi’ wo`z betinshe ta`limdi dawam yettiriwge bag`darlaw;
- ha`r bir woqi’wshi’ni’n` qa`bileti, qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ ha`m qa`lewlerin rawajlandi’ri’w ushi’n sha`rt-sha`rayatlar jarati’w;
- woqi’wshi’larg`a bos waqi’tlari’nan u`nemli paydalani’w ha`m dem ali’wdi’ u`yretiw.

Klasstan ti’s iskerlik sistemasi’ ko`p komponentli boli’p, woqi’wshi’lardi’n` bos waqi’tlari’n to`mendegi quramda, ta`rtipte, formada ha`m wori’nlarda a`melge asi’ri’w mu`mkin:

- woqi’w topari’ (klass) qurami’nda;
- woqi’w ma`kemesi ja`ma`a`ti qurami’nda;
- individual (jeke) ta`rtipte;

- sotsialli’q birlespe ha`m sho`lkemlerde;
- klublarda, do`gereklerde, muzeylerde;
- miynet ja`ma`a`tlerinde;
- jeke pa`nlerdi teren` wo`z betinshe u`yreniw payi’ti’nda;
- bilimlendiriw ma`kemelerinen ti’sqari’ ma`deniy dem ali’wdi’n` ha`r qi’yli’ formalari’;
- woqi’wshi’lardi’n` klasstan ti’sqari’ iskerlik sistemasi’ni’n` wo`zine ta`nligi sonnan ibarat, woni’n` ha`r bir komponenti jeke joybarlasti’ri’ladi’ ha`m ha`r qashan da pedagogikali’q ta`sir shen`beri menen qamti’p ali’nbaydi’.

Woqi’wshi’lardi’n` sabaqtan ti’sqari’ iskerlik sistemasi’n jobalasti’ri’w formalari’:

- woqi’w worni’ jobasi’;

- woqi’w worni’ni’n` woqi’wshi’lar menen ali’p baratug`i’n ma`nawiy-ag`arti’wshi’li’q jumi’slari’ jobalari’;

- woqi’w toparlari’ woqi’wshi’lari’ (klasslar) menen ali’p bari’latug`i’n ma`nawiy-ag`arti’wshi’li’q jumi’slari’ jobalari’ ha`m basqalari’.

Woqi’wshi’lar menen ali’p bari’latug`i’n ta`rbiyali’q jumi’slar jobasi’n du`ziwdin` tiykarg`i’ ta`rtipleri ha`m qag`i’ydalari’:

- diagnostikali’q tiykar jarati’w;
- woqi’wshi’lardi’n` wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri, ja`ma`a`ttin` sheberlik da`rejesi ha`m qa`lipleskenligin yesapqa ali’w;
- ta`rbiyali’q protsesste tiykarg`i’ mazmunli’q komponentlerge muwapi’q iskerliktin` ani’q bag`darlari’n belgilew;
- ilajlardi’ wo`tkiziw mu`ddetlerinin`, formalari’n qatnasi’wshi’lari’n ani’q belgilew;
- ta`rbiyali’q isler jobasi’ni’n` qolayli’li’g`i’, turmi’si’yli’g`i’ ha`m ani’qli’g`i’;
- ta`rbiyali’q jumi’slardi’ jobalasti’ri’wda woqi’wshi’lardi’n` shaxsiy qatnasi’wi’.

Sabaqtan ti’sqari’ iskerlikti zamanago`y sho`lkemlestiriw do`retiwshilik protsess boli’p, ta`rbiyashi’dan teren` bilim, yeplilik ha`m qa`lewdi talap yetkeni si’yaqli’ woqi’wshi’lardan da wolardi’n` umti’li’slari’ ha`m za`ru`rliklerin talap yetedi. Woqi’wshi’lar ha`m ta`rbiyashi’ qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n birlestiriw ta`rbiyada shaxs kamalati’n basqari’w protsessi, woni’n` sotsiallasi’wi’ ha`m rawajlani’wi’ ushi’n sha`rayat ha`m imkaniyatlar jarati’w wo`lshemi si’pati’nda qaraladi’. Sabaqtan ti’sqari’ iskerlik (dem ali’sti’ sho`lkemlestiriw) bolsa, shaxsti’n` do`retiwshilik imkaniyatlari’n joqari’g`a ko`teriw (birinshi na`wbette ta`rbiyashi’ni’n`), woni’n` sotsialli’q belsendiligin a`melge asi’ri’w maydani’ si’pati’nda tu`siniliwi mu`mkin.

Dem ali’w - insanni’n` jan`alani’w, woni’n` fizikali’q ha`m ma`nawiy ku`shin ko`beytiw, du`n`yag`a ko`z-qarasi’n bayi’ti’w, do`retiwshilik belsendiligin artti’ri’wdi’ a`melge asi’ri’wg`a mo`lsherlengen ha`m usi’ tiykarda jobalasti’ri’lg`an shaxsiy waqi’tti’n` bir bo`legi boli’p tabi’ladi’.

Bilimlendiriw ma`kemelerinde ta`rbiyali’q protsessti sho`lkemlestiriw tiykari’na milliy, ma`nawiy-a`dep-ikramli’li’q qa`diriyatlar ha`m wo`lshemler, xali’q pedagogikasi’, ma`resimler, bayramlar, woyi’nlar ha`m basqalar qoyi’li’wi’ kerek. Wolardi’ sho`lkemlestiriwde ha`m wo`tkiziwde ta`rbiya texnologiyalari’nan yaki interaktiv usi’llardan paydalani’w woqi’wshi’da wo`z jurti’na mehir-muhabbat, shan`araqpa`rwarli’q, ka`siplik belsendilikti qa`liplestiriwge ja`rdem beredi.

Ta`rbiyali’q protsess uli’wma worta, worta arnawli’ ha`m ka`sip-wo`ner, joqari’ bilimlendiriw ma`kemelerinde wo`zine ta`n a`hmiyetke iye. Pedagog xi’zmetkerler, ta`rbiyashi’lar ha`m topar basshi’lari’ milliy ideya menen qurallang`an boli’p, woni’ ha`r bir puqara sanasi’na jetkiziw yepliliklerine iye boli’wlari’ ta`rbiya protsessi, ta`rbiyali’q isler ha`m wolardi’n` metodikasi’ haqqi’nda bilim, ko`nlikpe ha`m yepliliklerge, pedagogikali’q sheberliklerine ko`p jag`i’nan baylani’sli’.

Ta`rbiya protsessi – shaxsti’ qa`liplestiriwge maqsetli bag`darlandi’ri’lg`an, ta`rbiyalawshi’ ha`m ta`rbiyalani’wshi’lar birge islesiwi ushi’n arnawli’

sho`lkemlestiriletug`i’n, basqari’latug`i’n ha`m qadag`alani’latug`i’n, wo`zinin` aqi’rg`i’ maqseti si’pati’nda shaxsti’ qa`liplestiretug`i’n protsess boli’p tabi’ladi’. Ta`rbiya protsessinin` yen` tiykarg`i’ na`tiyjesi - ha`r ta`repleme ha`m uyg`i’n kamal tapqan joqari’ ma`nawiyatli’ shaxsti’ qa`liplestiriw bolap tabi’ladi’. Ta`rbiya protsessi - ta`rbiyali’q isler, ilajlardi’n` turaqli’ ha`rekettegi shi’nji’ri’nan ibarat.

Ta`rbiyali’q ilajlar - ha`r qi’yli’ materialli’q ha`m ma`deniy talaplarg`a juwap beriwshi, ta`rbiyali’q maqsetlerdin` birden-bir kompleksine boysi’ndi’ri’lg`an, bir-biri menen wo`z-ara birge islesiwshi, wo`zinde bir pu`tin ta`limdi ko`zde tutatug`i’n ta`rbiyali’q ta`sir kompleksi boli’p tabi’ladi’. Ta`lim protsessi jeke sabaqlardan quralg`ani’ si’yaqli’ ta`rbiyali’q ilajlardan ta`rbiya protsessi ju`zege keledi. Ilajlar, ta`rbiyali’q jumi’slar - ta`rbiya protsessinin bir bo`legi.

«Kadrlardi’ tayarlawdi’n` milliy bag`darlamasi’»nda jazi’lg`ani’nday, «Xali’qti’n` bay intellektual miyrasi’ ha`m uli’wmainsani’y qa`diriyatlar tiykari’nda, zamanago`y ma`deniyat, ekonomika, ilim, texnika ha`m texnologiyalardi’n` jetiskenlikleri tiykari’nda kadrlar tayarlawdi’n` jetik sistemasi’n jarati’w Wo`zbekstanni’n` rawajlani’wi’ni’n` a`hmiyetli sha`rti boli’p tabi’ladi’»[2].

Bilimlendiriw ma`kemelerinde woqi’wshi’lar menen ali’p bari’latug`i’n ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` na`tiyjeliligin artti’ri’w ta`rbiyali’q jumi’slar texnologiyasi’n duri’s sho`lkemlestiriw ha`m qollani’wg`a baylani’sli’. Bul bolsa, wo`z gezeginde, bilimlendiriw ma`kemeleri ushi’n ta`rbiyali’q jumi’slardi’ a`melge asi’ri’w metodikasi’n zamanago`y pedagogikali’q texnologiyalari’ islenbeleri tiykari’nda jarati’wdi’ talap yetedi.

Bilimlendiriw ma`kemelerinde ta`rbiyali’q jumi’slar metodikasi’n a`melge asi’ri’wdi’n` pedagogikali’q texnologiyasi’: joybarlasti’ri’w, a`melge asi’ri’w, qadag`alaw ha`m talap yetiw si’yaqli’ is-ha`reketler izbe-izliginen ibarat.

[2] Barkamol avlod O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T.: Sharq, 1997, 34-bet




Si’zi’lmada ko`rsetilgenindey, barli’q bag`dardag`i’ ta`rbiyali’q islerdin` texnologiyasi’ ha`m ha`r bir ani’q jumi’slardi’ wo`tkiziw, sho`lkemlestiriw metodikasi’ pedagogikali’q maqset tu`siniginen baslanadi’, yag`ni’y pedagogikali’q maqsetke muwapi’qli’q (usi’ jumi’s ne ushi’n sho`lkemlestirilgen ha`m woqi’wshi’ nelerge yerisiswi kerek?) ha`m pedagogikali’q sheberlik (ani’q jumi’slar wo`tkiziw, ta`rbiyali’q protsessti sho`lkemlestiriw, woqi’wshi’lardi’ qi’zi’qti’ri’w, protsesste wo`z betinshe qatnasi’w ha`m do`retiwshilik penen islewge meyil woyati’w ushi’n ha`r qi’yli’ usi’l ha`m metodlardan paydalani’w) ha`m wolardi’n` na`tiyjelerin qadag`alaw ha`m analizlew, uli’wmalasti’ri’w (woqi’wshi’lar nelerge u`yrendi?).

Ta`rbiya protsessin joybarlasti’ri’w da`wirinde ta`rbiyashi’ woqi’wshi’lar menen wo`tkiziliwi lazi’m bolg`an ta`rbiyali’q jumi’slardi’ a`melge asi’ri’w payi’ti’nda qollani’latug`i’n metod, forma ha`m usi’llardi’ tan`laydi’. Keyninen, ani’q ta`rbiyali’q jumi’slarg`a qoyi’lg`an maqsetlerdi a`melge asi’radi’. Keyin ala, wolar jumi’sti’ qadag`alaw, juwmaqlaw ha`m analizlew mexanizmin ani’qlaydi’ (Ne maqul keldi? Ne maqul kelmedi? Nege? Ne jaqsi’ yedi, neden waz keshiw kerek? Kim aji’rali’p turdi’?) ha`m t.b.

Bul islerdin` barli’g`i’n uli’wmalasti’ri’p bilimlendiriw ma`kemelerinin` ta`rbiyali’q jumi’slari’ texnologiyasi’ - bilimlendiriw ma`kemesi sha`rayati’nda qoyi’lg`an maqsetlerdi a`melge asi’ri’wda ha`r bir ani’q ta`rbiyali’q jumi’sti’

wo`tkiziw ha`m analizlew ushi’n qollani’latug`i’n metod ha`m formalar ji’yi’nti’g`i’nan ibarat yekenligin ani’qladi’q. Mi’sali’, bilimlendiriw ma`kemesinde woqi’wshi’lardi’n` woqi’wi’ ha`m ta`rbiyasi’ da`wirinde klasslarda, toparlarda, meteplerde, litsey ham kolledjderde, universitet ha`m institutlarda ha`r qi’yli’ qi’zi’qli’ ilajlar, bayramlar, tan`lawlar, sonday-aq sportqa, miynetke, do`retiwshilik iske, ko`rkem temag`a bag`i’shlang`an ilajlar, shi’ni’g`i’wlar, woyi’nlar, lineykalar ha`m t.b wo`tkiziledi. Ha`r bir ta`rbiyali’q jumi’s ha`m ilajg`a say woni’ tayarlaw ha`m wo`tkiziw metodi’ bar. Biraq, mazmunsi’z metodika da wo`z-o`zinen bar bolmaydi’, wo`ytkeni ta`rbiya protsessin, yen` da`slep, ta`rbiyali’q jumi’sti’n` ani’q mazmuni’ ha`m formasi’ arqali’ a`melge asi’ri’w mo`lsherlenedi. Solay yeken, ani’q ta`rbiyali’q jumi’sti’n` ta`sirshen`ligi ha`m na`tiyjeliligi – wolardi’ tayarlaw ha`m wo`tkiziw, ta`rbiyashi’lardi’n` woqi’wshi’lar menen ja`ma`a`tlik iskerligin sho`lkemlestiriwi ta`rbiyali’q jumi’slar texnologiyasi’na baylani’sli’.

B) Ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` derekleri

Ta`rbiyali’q jumi’slar a`melge asi’ri’li’p ati’rg`an da`wirdin` sotsialli’q jag`dayi’ - ta`rbiyali’q jumi’slardi’ maqsetli go`zlewdin` ha`m du`n`yadag`i’ sotsialli’q qubi’li’slar, ma`mleket bayramlari’, yubiley sa`neleri, hu`kimet qararlari’, ja`miyetlik a`hmiyetke iye bolg`an ideyalar ha`mde jergilikli turmi’sqa tiyisli qubi’li’slar sebepli ju`zege keledi. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriwdin` ha`m wo`tkiziwdin` yekinshi deregi boli’p, tu`r si’pati’nda qa`liplesip ati’rg`an shaxsti’n` za`ru`riy pa`ziyletlerin ha`m qa`siyetlerin qa`liplestiriwdin` pedagogikali’q diagnozi’ xi’zmet yetedi. Ja`ne bir derek – woqi’w-ta`rbiya ma`kemesinin` belgili mu`ddetge belgilengen jumi’slari’ni’n` uli’wmali’q bag`dari’. Usi’ dereklerdin` wo`z-ara baylani’sli’ halati’ ta`rbiyali’q jumi’slardi’ wo`mirshen` ku`sh penen tolti’radi’, wolardi’n` aktual yekenligin ha`m belgili bir maqsetke bag`darlang`anli’g`i’n ani’q belgilep beredi.

Tiykarg`i’ ta`rbiyali’q maqset (ko`binese ma`nawiy-a`dep-ikramli’li’lq ta`rbiya maqseti) ani’q islerge baylani’sli’ wazi’ypalardi’ belgiler beredi. Ha`r

bir iste tiykarg`i’ ideya aji’rali’p turadi’ ha`m wol ta`rbiyani’n` uli’wmali’q bag`darlari’ni’n` (aqi’li’y, fizikali’q, miynet ta`rbiyasi’ ha`m t.b.) biri menen sa`ykes keledi.

Maqsetti go`zlew basqi’shi’nda ta`rbiyashi’ni’n` wazi’ypasi’ – sotsialli’q jag`daydi’ bahalaw, wo`zinin` ta`rbiyali’q iskerligin tiykarg`i’ maqsetke boysi’ndi’ri’w, ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` keleshekte belgili bir ta`rbiyali’q ta`sirdi qabi’l yetiwge tayarli’q da`rejesine diagnoz qoyi’wdan ibarat boli’p tabi’ladi’.

### V) Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw boyi’nsha metodikali’q usi’ni’slar

1. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` ani’q wazi’ypalari’n teren` an`law, woni’n` na`tiyjeliligin artti’ri’wdi’n` za`ru`riy sha`rti boli’p tabi’ladi’. Usi’ wazi’ypalar sheberlik penen tu`sindirilgen ha`m ta`rbiyalani’wshi’larg`a jetkizilgen boli’wi’ kerek. Ta`rbiyali’q jumi’s sho`lkemlestiriwshileri woqi’wshi’larg`a wo`z ko`z-qaraslari’n ma`jbu`riy wo`tkizbewleri kerek: ta`rbiyalani’wshi’lardi’ za`ru`r qararlardi’ qabi’l yetiwge (misli wo`z qararlari’ si’pati’nda qabi’l yetilgenindey) isendiriwleri za`ru`r.

2. Ha`r qanday ta`rbiyali’q jumi’s isshen` ha`m kompleksli bag`dar tiykari’nda joybarlasti’ri’ladi’. Birinshi bag`dar, joqari’da atap ko`rsetilgenindey, ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` janli’, do`retiwshilik, qi’zi’g`i’w-shi’li’q iskerliklerin talap yetedi ha`m za`ru`rlik tuwi’lg`anda, ti’ri’sqaqli’qti’, ha`reketshen` iskerlikti tan`lawg`a bag`darlaydi’. Yekinshisi bolsa, ta`rbiya-shi’g`a bir wazi’ypadan ha`r ta`repleme na`tiyje ali’wg`a imkaniyat beredi.

3. Ta`rbiyali’q jumi’slar protsessinde sheshiliwi lazi’m bolg`an barli’q wazi’ypalar ha`r qi’yli’ a`hmiyetke iye boli’wi’na umti’li’w sha`rt yemes, wo`ytkeni ta`rbiya sistemasi’n birden bir neshe wo`lshemler arqali’ woptimallasti’ri’li’p (muwapi’qlasti’ri’li’p) bolmaydi’. Ta`rbiyali’q jumi’sti’, ha`r qanday jumi’stag`i’ si’yaqli’, basli’ wazi’ypa aji’rati’p ali’nadi’ ha`m usi’ arqali’ qalg`an wazi’ypalar sheshiledi.

4. Ta`rbiyali’q jumi’slar mazmuni’n woni’n` wazi’ypalari’ ha`m a`melge asi’ri’li’w sha`rayatlari’ menen baylani’sli’ halda belgilep ali’w wog`ada man`i’zli’. Material tan`lani’p ati’rg`anda, woni’n` woqi’wshi’lardi’n` ta`rbiyasi’na unamli’ ta`sir yetiw ta`replerine itibar qarati’w kerek. Ta`rbiyali’q jumi’slarda ha`r qi’yli’ qa`telerge jol qoymaw ushi’n ta`rbiyashi’ woqi’w-shi’lardi’n` ko`z-qaraslari’ ha`m qi’zi’g`i’wshi’li’qlari’n inabatqa alg`an halda wolardi’n` rawajlani’wi’, sonday-aq, wolarg`a tayani’p is ali’p bari’wi’ kerek.

5. Maqsetke muwapi’q metodlar, usi’llar ha`m qurallar ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` ha`r bir basqi’shi’ ushi’n jeke joybarlanadi’. Bunda metodlardi’n` imkaniyati’ bari’nsha belsendilik, baslamashi’li’q, wo`z betinshelik printsiplerin ta`miynlewi ko`zde tuti’li’wi’ lazi’m. Passivlik - ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` tiykarg`i’ dushpani’ boli’p tabi’ladi’. Sol sebepli ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` qulqi’ baqlansa, neni wo`zgertiw za`ru`rligin wolardi’n` wo`zleri aytadi’.

6. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ tayarlawda sho`lkemlestiriwdin` joqari’ da`rejedegi ani’qli’g`i’na yerisiwge ha`reket yetiw lazi’m. Ha`r qanday ta`rbiyali’q jumi’s ta`rbiyalani’wshi’lar ushi’n «sho`lkemlestiriwshilik mektebi»ne aylani’wi’ kerek. Tayarli’q baslamashi’li’q, talapshan`li’q, kirisimlilik, minnetlerdi bo`listiriw sheberligi, situatsiyani’ tez bahalaw si’yaqli’ pa`ziyletlerdi ta`rbiyalaydi’. Jumi’sti’ tayarlaw ha`m wo`tkiziw jama`a`tti birlestiriwdegi duri’s jol boli’p tabi’ladi’.

7. Ta`rbiyali’q jumi’slar nusqa ko`shiriwdi jaqti’rmaydi’. Wo`zgeriwshen`lik ha`m ha`reket shen`berinin` ken`ligi ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` pari’qlawshi’ belgilerinen boli’p tabi’ladi’. Klasslardi’n`, ayi’ri’m woqi’wshi’lardi’n` bir-birine uqsamaytug`i’nli’g`i’nan ken` paydalani’wg`a umti’li’w jaqsi’ na`tiyje beredi. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ joybarlasti’ri’w payi’ti’nda bir klassta tabi’slar ali’p kelgen ta`jiriybe yekinshisinde tap sonday na`tiyjeni bermewi de mu`mkin.

8. Ta`rbiyali’q jumi’slar ha`r-a`lwan boli’wi’ kerek. Ta`rbiyalani’wshi’lar jarqi’n jumi’slardi’ uzaq waqi’t yesinde saqlap qaladi’, sol sebepli bunday

jumi’slardi’ ta`kirarlaw maqsetke muwapi’q yemes, wo`ytkeni a`hmiyetin jog`alti’wi’ mu`mkin. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` ha`r dayi’m jan`asi’n tabi’w qi’yi’n, biraq wolardi’ tabi’wg`a ha`reket yetiw za`ru`r. Ta`rbiyali’q jumi’slar za`hiyrasi’nda ko`plegen qi’zi’qli’ izertlewler bar ha`m bul ta`kirarlamasli’qti’, kerisinshe, ani’q sha`rayatlar menen muwapi’qlasti’ri’lg`an halda woqi’wshi’ni’ rawajlandi’ri’wdi’ kepilleydi.

9. Ta`rbiyali’q jumi’slar sezim-tuyg`i’lardi’n` qu`diretli katalizatori’ kibi joybarlasti’ri’ladi’. Belgili bolg`ani’nday, tolqi’nlani’wg`a tu`sken adam wog`ada ta`sirshen` boladi’. Ha`r bir ta`rbiyali’q jumi’sta ta`rbiyalani’wshi’g`a jaqi’n, u`nles bolg`an aspektlerdi tabi’w ha`m wonda unamli’ qa`siyetlerdi rawajlandi’ri’w, bekkem turmi’s ta`rizin qa`liplestiriw, ta`rbiyali’q jumi’slar ma`deniyati’n artti’ri’wdi’n` man`i’zli’ bag`darlari’ni’n` biri bolg`an qorshap turg`an du`n`ya haqi’yqati’n duri’s tu`siniwge ja`rdem beretug`i’n yetip jetkiziw kerek.

G) Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ jobalasti’ri’w basqi’shi’

Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ jobalasti’ri’w basqi’shi’ maqsetti go`zlew basqi’shi’nan keyin baslanadi’ ha`m wonnan tek teoriyali’q jaqtan pari’qlanadi’, biraq a`meliy jaqtan bular aji’ralmas protsess boli’p tabi’ladi’. Bul basqi’shta ta`rbiyashi’lar aldi’na: ta`rbiyalani’wshi’lar menen birge iskerlik bag`dari’ni’n` barli’q bo`limlerin ani’qlaw, qatnasi’wshi’lar arasi’nda minnetlerdi bo`listiriw, wolardi’ qalay yetip wori’nlaw lazi’mli’g`i’n ko`rsetiw si’yaqli’ a`hmiyetli wazi’ypalar da turadi’.

Ta`rbiyali’q jumi’slari’n jobalasti’ri’w boyi’nsha usi’ni’slar:

1. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriwde ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` tayarli’q da`rejesine ken`irek tayani’w, wolardi’n` jas ha`m shaxsiy wo`zgesheliklerin imkaniyati’ bari’nsha ken`irek qamti’p ali’w lazi’m. Wo`ytkeni jumi’sti’n` ayri’qsha quramali’li’g`i’ ta`rbiyashi’ niyetinin` woqi’wshi’lar ta`repinen an`lap jetilmewine ali’p keliwi mu`mkin. Jumi’sti’n` nege ha`m ne ushi’n wori’nlani’wi’ haqqi’nda naani’q ko`z-qaras bolsa

ta`rbiyali'q jumi'sti' qurg`aq ra`smiyatshi'li'qqa aylandi'radi'. Keyingi jumi'slarg`a qi'zi'qti'ri'w an`sat bolmaydi'.

2. Ta`rbiyali'q jumi's - ja`ma`a`tlik jumi's. Ta`rbiyalani'wshi'larg`a joba du`ziwdin` wog`ada juwapkershilikli is yekenligin, ta`rbiyalani'wshi' islep ati'rg`an ha`r bir bo`limnin` basqa bo`limler menen a`lbette baylani'sli'li'g`i'n ha`m bir-birin talap yetetug`i'nli'g`i'n seziniwge imkaniyat beredi. Jobalasti'ri'w, a`lbette, ja`ma`a`tlik xarakterge iye boli'wi' za`ru`r.

3. Jobalasti'ri'wdi'n` tarmaqli' metodikasi', ko`rgizbeli, an`sat woqi'latug`i'n ha`m tu`sinikli sxema jobalar menen du`ziw metodikasi' menen tani'si'n`. Ta`rbiyalani'wshi'lar menen wolardi' u`yrenin`, wolardi' miynettin` basqa tu`rlerin jobalasti'ri'wda tarmaqli' sxemani' qollani'wg`a u`yrenin`.

D) Ta`rbiyali'q jumi'slardi' sho`lkemlestiriwdin` tiykarg`i' qag`i'ydalari':

- ori'nlani'wi' lazi'm bolg`an maqsetti ani'q belgilew, ha`reketti basi'nan aqi'ri'na shekem bir pu`tin ko`z aldi'na keltiriw (nege yerisiwimiz kerek?);
- qol asti'ndag`i' ha`r bir adam ushi'n ani'q wazi'ypa belgilew (qanday ha`reketler qurali'nda yerisiw mu`mkin?);
- ku`tiletug`i'n jumi's ushi'n za`ru`riy na`rselerdi tayarlaw (nenin` ja`rdeminde yerisiw mu`mkin?);
- na`tiyjelerdi ani'qlaw ushi'n belgili bir wo`lshemlerdi belgilew (yerisilgen mug`dar qansha?);
- juwapkershilik, woni'n` iyesi ha`m yesabat waqti'n bo`listiriw (maqsetke yeriskenlikti ne menen xoshametlew mu`mkin?);
- sho`lkemlestiriwshi' sistemani' uyi'mlasti'ri'w qurali' si'pati'nda atqari'wshi'larg`a jol-joba ko`rsetiw (qanday yetip yerisiw mu`mkin?).

Ta`rbiyali'q jumi'slardi' uyi'mlasti'ri'wda qatnasi'w shaxsti'n` a`hmiyeli qa`siyetlerin ta`rbiyalaydi'.

Usi' basqi'shta usi'ni'slar to`mendegishe:

- ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriwde qatnasi’p ati’rg`an ha`r bir adamni’n` huqi’q ha`m minnetlerin ani’q belgilep berin`. «Ha`kimlik si’zi’g`i’»n belgilep ali’w wog`ada a`hmiyetli: ha`r bir atqari’wshi’ belgilengen shaxsqa wo`z jumi’slari’ni’n` na`tiyjesi boyi’nsha juwap beredi. Ha`kimlik bir basshi’ni’n` qoli’nda ja`mlengen boladi’, «Qosha`kimiyatshi’li’q»qa jol qoyi’lmaydi’;
- ha`r bir qatnasi’wshi’g`a woni’n` imkaniyatlari’na ha`m qa`lewlerine say keliwshi bir wazi’ypa aji’rati’n`. Tapsi’rmalardi’ ma`jbu`rlemen`. Ta`rbiyali’q jumi’slarda qatnasi’wdi’n` i’qti’yari’y yekenligin atap ko`rsetin`;
- ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` sho`lkemlestiriwshilik qa`biletine iye yemesligin yesapqa ali’n`. Ta`rbiyashi’g`a tu`sinikli ha`m jen`il bolg`an jumi’s ha`r dayi’m ta`rbiyalani’wshi’ ushi’n da udayi’ an`sat bolmawi’ mu`mkin. «A`piwayi’dan quramali’g`a qaray» qag`i’ydasi’na a`mel qi’li’n`. Ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` tabi’sqa yerisiwge bolg`an isenimin qollap-quwatlan`, jaqsi’ na`tiyje menen tamamlani’wi’na isenim woyati’n`.

Sho`lkemlestiriwshilik ta`rbiyalani’wshi’lardi’n` ku`shin bir neshe yese artti’ri’w imkaniyati’na iye yekenligi haqqi’nda pikirge u`yretin`. Jeke-jeke ha`reketlerdin` qosi’li’wi’nan payda bolg`an «sho`lkemlestiriwshilik na`tiyjesi»n mi’sallar menen ko`rsetin`.

e) Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriwdi basqari’w

Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ a`melge asi’ri’w basqi’shi’nda ta`rbiyashi’ni’n` juwapkershiligi a`hmiyetli boli’p tabi’ladi’. Birinshiden, bag`darlamada ko`zde tuti’lg`an jumi’slardi’ tayarlag`an stsenariy tiykari’nda ali’p bari’li’wi’na yerisiledi, wog`an du`zetiwler kirgiziledi, dispetcherlik wazi’ypasi’n a`melge asi’radi’ ha`m protsessti baqlap baradi’. yekinshilen, ta`rbiyashi’ pu`tkil ja`ma`a`t ha`m ayi’ri’m ta`rbiyalani’wshi’lardi’ baqlap barg`an halda wolarda belgili bir pa`ziyletlerdi rawajlandi’radi’, bul pa`ziyletlerdin` qa`lipleskenlik da`rejesin ani’qlawg`a imkaniyat beredi ha`m ta`rbiya tarawi’nda islenetug`i’n jumi’slardi’n`

strategiyasi’n belgileydi. U`shinshiden, ta`rbiyashi’ sho`lkemlestiriw ma`selelerinin` ani’q sheshiliwin baqlap baradi’.

Uli’wma, ta`rbiyani’n` bul basqi’shi’ndag`i’ basqari’w iskerligi a`piwayi’ sabaq bari’si’ndag`i’ iskerlikten quramali’li’g`i’ menen pari’qlanadi’. Bul quramali’li’q ta`rbiyali’q jumi’slardi’ basqari’wda yesapqa ali’w, qadag`alaw ha`m ko`plegen faktorlarg`a du`zetiwler kirgiziw lazi’mli’g`i’nda ko`rinis tabadi’. Bul boyi’nsha mug`allimnin` ta`rbiyashi’ ha`m sho`lkemlestiriwshi si’pati’ndag`i’ worni’:

- ta`rbiyalani’wshi’lardi’ wo`zinin` qatnasi’wi’ menen buwi’p qoymaw;
- ta`rbiyalani’wshi’larg`a wo`z pikirleri ha`m sezimlerin yerkin an`lati’w ushi’n kesent bermew;
- qubi’li’slardi’n` rawajlani’wi’n di’qqat penen baqlaw ha`m woni’n` namaqul bag`dar ali’wi’na ha`mde qadag`alawdan shi’g`i’wi’na jol qoymaw;
- namaqul ha`reketlerdi aqi’lg`a muwapi’q ha`m wo`z waqti’nda du`zetiw;
- boli’p ati’rg`an protsessti sezdirmesten yesapqa ali’p bari’w;
- pedagogikali’q takt penen na`tiyjelerdi dag`azalaw, ja`ma`a`tlik talqi’law yaki jeke-jeke pedagogikali’q analizlew, jetiskenlik ha`m kemshiliklerdin` sebeplerin ashi’wda belgilenedi.

Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ analizlew bari’si’nda bir-biri menen mazmuni’ boyi’nsha baylani’sli’ bolg`an to`mendegi sorawlardi’ paydalani’w mu`mkin:

1. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ tayarlawdi’n` ha`m wo`tkiziwdin` barli’q jag`dayi’ jobada wo`z sa`wleleniwin tapqan ba?
2. Bag`darlama mazmuni’ go`zlengen maqsetke juwap beredi me?
3. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw da`rejesi go`zlengen maqset, wazi’ypa ha`m talaplarg`a juwap beredi me?
4. Jobalasti’ri’lg`an barli’q wo`lshemler jetkilikli da`rejede derekler menen bekkemlengen be?

5. Ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` qaysi’ bo`limi jaqsi’raq a`melge asti’, ne ushi’n?
6. Ta`rbiyali’q jumi’s dawamli’li’g`i’ waqi’t ko`z-qarasi’nan wo`zgerdi me?
7. Kim ha`m ne ushi’n mu`ddet wo`zgerdi?
8. Ta`rbiyali’q jumi’slar bir sistemani’ an`latti’ ma yaki bo`limler ati’na g`ana baylani’sqan toplamnan ibarat boldi’ ma?
9. Jan`ali’q na`tiyjesi sezildi me?
10. Ta`rbiyali’q jumi’sti’n` emotsional «boyawi’» woni’n` ideyasi’na juwap berdi me?
11. Jumi’sti’n` sapasi’, woqi’wshi’lardi’n` wog`an mu`na`sibeti qanaatlanarli’ ma, qaysi’ sorawlar wolardi’ woylawg`a ma`jbu`r yetti?
12. Ta`rbiyali’q jumi’sta qatnasqan ja`ma`a`ttin` har bir ag`zasi’ qanday bahag`a i’layi’q?
13. Woqi’wshi’lardi’n` qulqi’ qanday yedi?
14. Ne ushi’n woqi’wshi’lardi’n` ayi’ri’mlari’nda anaw yaki mi’naw pedagogikali’q ha`reketke baylani’sli’ qarsi’li’q ko`rsetiw belgileri payda boldi’?
15. Neden waz keshiw kerek?
16. Keyingi ta`rbiyali’q jumi’slarg`a qanday jan`ali’qlar qosi’w mu`mkin?

Joqari’dag`i’ pikirlerge ta`rbiyali’q texnologiya bag`dari’ si’pati’nda qaralatug`i’n bolsa, wol to`mendegi uli’wmali’q belgilerdi ani’qlap beredi:

- ta`rbiyali’q ta`sir ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` na`tiyjesi si’pati’nda wo`zinde woyi’nlar, ta`rbiyali’q sa`wbetler ha`m jeke-jeke ma`sla`ha`tlerdin` elementlerin qamti’p aladi’;
- Ha`r bir jumi’s har bir ta`rbiyalani’wshi’ni’n` a`dep-ikramli’li’q, sotsialli’q ha`m basqa da pa`ziyletlerinin` qa`lipleskenlik da`rejesin komp`yuter arqali’ diagnostikalaw menen baslanadi’;
- ta`rbiyali’q ta`sir diagnostikalaw na`tiyjelerin belsendi analizlew ha`m ideal shaxs penen sali’sti’rg`anda belgili bir pa`ziyletlerdin` qa`lipleskenlik

da`rejesine jetkenligin an`law menen ju`zege kelgen «ja`ma`a`tlik qayg`i’ri’w» na`tiyjesi menen ku`sheytiriledi;

- ta`rbiyalani’wshi’lar adamlar arasi’nda jasaw ushi’n za`ru`r bolg`an pa`ziyletlerdi wo`zlestiredi, wo`zlerin an`lawg`a u`yrenedi, wo`zin-wo`zi kamalg`a jetkiziw jollari’ tuwrali’ tu`sinikke iye boladi’;
- shaxsiy kamalatqa jetiw bag`darlamasi’ (diagnostikalaw na`tiyjelerine qaramastan) jeke-jeke ma`sla`ha`tler, ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw na`tiyjesinde bekkemlenedi.

## 1.2. Ta`rbiyali'q jumi'slar protsessinde qollani'latug`i'n pedagogikali'q ta`sir usi'llari'

Ta`rbiyashi'lar wo`z jumi's iskerligi dawami'nda tiykarg`i' itibardi' udayi' woqi'wshi'lar ta`rbiyasi', minez-qulqi', ta`rtip-intizami'na du`zetiwler kirgiziwge, wolardag`i' kerekli shaxsiy qa`siyetler ha`m ta`biyatlari'ndag`i' qi'rlardi' rawajlandi'ri'wg`a, wori'n alg`an kemshiliklerdi saplasti'ri'wg`a qarati'wlari' lazi'm. Bunday protsessti sho`lkemlestiriwde ta`rbiyashi'lar pedagogikali'q ta`sirdin` ha`r qi'yli' usi'llari'nan paydalani'wlari' mu`mkin.

Pedagogikali'q ta`sir usi'llari' – bul ani'q pedagogikali'q jag`daylardi' sho`lkemlestiriw usi'li'nan ibarat boli'p, wog`an belgili bir ni'zamli'qlar tiykari'nda woqi'wshi'lardi'n` do`retiwshilik islerinde wo`z kemshiliklerin saplasti'ri'wg`a u`ndewshi jan`a pikirler ha`m emotsiyalar woyatadi'.

Ta`rbiya protsessinde za`ru`r pedagogikali'q ta`sir usi'li'n tan`law ushi'n woqi'wshi'ni'n` emotsional halati', ha`reketinin` ta`biyati' ha`m sebebin aldi'n ala ani'qlani'wi' lazi'm. Bul, wo`z gezeginde, usi' ha`rekettin` psixologiyali'q analizi, woni'n` woqi'wshi' shaxsiyati' menen jaqi'n baylani'si'n ko`rip shi'g`i'wdi' talap yetedi.

Pedagogikali'q halat ta`rbiyashi'ni'n` do`retiwshilik pikirlerine baylani'sli' jarati'ladi'. Birinshiden, ta`rbiyashi' paydalani'wdi' mo`lsherlegen ta`sir usi'li'n a`melge asi'ri'w ushi'n sa`ykes sha`rayatlardi' tan`lawi' kerek. yekinshiden, ta`rbiyashi' wo`z mo`lsherlegen jumi'sti' ha`m quli'qti' woqi'wshi'ni'n` ha`reketine bolg`an mu`na`sibetine baylani'sli' sa`ykes ra`wishte woylap shi'g`i'wi' lazi'm. Pedagogikali'q ta`sirdin` ha`r bir usi'li' wo`zine ta`n wo`zgesheliklerge iye boli'p, wolar yeki elementtin` wo`zine ta`n birliginen ju`zege keledi: a) jarati'li'p ati'rg`an pedagogikali'q halatlardi'n` wo`zgeshelikleri; b) jan`a pedagogikali'q halatqa woki'wshi'larda tuwi'latug`i'n jan`a pikirler, ta`rbiyani'n` jan`a sebepleri ha`m shaxsiy kemshiliklerdi jen`ip wo`tiwge tiykar bolatug`i'n emotsiyalar mazmuni'[3].

---

[3] Qaran`: Natanzon E.Sh. Psixologicheskiy analiz postupkov uchenika. M., 1991; Natanzon E.Sh. Priemi' pedagogicheskogo vozdeystviya, M., 2002

Pedagogikali’q ta`sir usi’llari’n yeki toparg`a aji’rati’w mu`mkin.

Birinshi topar usi’llari’ woqi’wshi’lardi’ ilhamlandi’ri’wshi’ unamli’ emotsiyalar tiykari’nda woni’n` a`dep-ikramli’li’g`i’, ta`rbiyasi’, ta`rtibine wo`zgerisler kirgizedi, bular quwani’w, minnetdarshi’li’q, ta`rbiyashi’g`a hu`rmet, wo`z ku`shine isenimnen ibarat.

Ekinshisi – uyalshan`li’q, yepsizlik, wo`kinish, qapagershilik si’yaqli’ unamsi’z qa`siyetlerdi joq yetiwge ja`rdem beretug`i’n usi’llar.

Do`retiwshilik iskerlikte tek g`ana woqi’wshi’lar ta`rbiyali’q islerdin` jaqsi’ na`tiyjelerine yerisedi, ba`lkim ta`rbiyashi’lardi’n` wo`zlerinin` de shaxsiy emotsiyalari’ rawajlanadi’. Pedagogikali’q ta`sir ko`rsetiw usi’llari’n qollani’w protsessinde ta`rbiyashi’ni’n` ideyali’li’g`i’, ta`biyati’ndag`i’ insanpa`rwarli’q, mehribanli’q, sezgirlik kibi, ta`biyati’ni’n` shi’damli’li’q, wo`zin-wo`zi basqara ali’w, maqsetke umti’li’wshan`li’q, jedellik, baslamashi’li’q kibi emotsional qi’rlari’ ha`mde ta`biyati’ni’n` tapqi’rli’q, ziyreklik, aqi’li’y ba`rkamalli’q, baqlawshan`li’q kibi yerk qi’rlari’ ko`zge taslanadi’.

Ta`rbiyali’q usi’llardi’ iyelew ha`m wolardi’ jumi’s protsessine yengiziw ta`rbiyashi’ni’n` ta`rbiya maqsetlerinin` ja`ne de maqsetli ha`m qolay boli’wi’na ja`rdem beredi.

Pedagogikali’q ta`sir usi’llari’nan paydalani’w ani’q printsiplerge a`mel qi’li’wg`a tiykarlanadi’. Bul printsipler qatari’na to`mendegilerdi kirgiziw mu`mkin:

- pedagogikali’q woptimizm;
- woqi’wshi’larg`a hu`rmet;
- woqi’wshi’ni’n` psixologiyali’q jag`dayi’n tu`siniw;
- woqi’wshi’ ta`biyati’ni’n` si’rtqi’ wo`zgeshelikleri ha`m sebeplerin ashi’w;
- woqi’wshi’ni’n` ta`g`diri menen qi’zi’g`i’w;

Endi ta`rbiya protsessinde paydalani’w mu`mkin bolg`an pedagogikali’q ta`sir usi’llari’nan bazi’lari’na toqtali’p wo`temiz:

Isendiriw – bul ani’q minez-quli’q yaki qanday da bir istin` mu`mkin yemesligin, tuwri’li’g`i’n ha`m za`ru`rligin da`lillew ha`m tu`sindiriw. Isendiriw protsessinde woqi’wshi’lardi’ qorshag`an a`tiraptag`i’ insanlardi’n` is-ha`reketlerin ha`m qulqi’n bahalaw wo`lshemlerine say bolatug`i’n moralli’q ko`z-qaraslar qa`liplesedi.

Woqi’wshi’ni’ is penen de, so`z benen de isendiriw mu`mkin. Woqi’wshi’ni’ isletiw arqali’ isendiriw protsessinde ta`rbiyashi’ da`lillep ati’rg`an jag`day, situatsiya ha`m mashqalalalardi’, turmi’sli’q ta`jiriybe sha`rayatlari’nan kelip shi’qqan halda, jaratadi’. Isendiriw ta`sir usi’li’ woqi’wshi’ qulqi’n du`zetiwshi usi’l boli’p xi’zmet yetiwi mu`mkin. So`z benen isendiriw protsessinde, woqi’wshi’larg`a jol qoyi’lg`an qa`teler ta`biyati’ a`dep-ikramli’li’q wo`lshem ko`z-karasi’nan tu`sindiriledi. Isendiriw usi’li’ haq kewillilikti ha`m yoshqi’nli’qti’ talap yetedi. Bul protsesste ta`rbiyashi’lardi’n` keshirmeleri woqi’wshi’larg`a wo`tedi. Isendiriw menen i’qlas woyati’w usi’llari’ ku`ta` uqsas. Bul usi’llardi’n` uqsasli’g`i’ isendiriw de, i’qlas woyati’w da sa`wbet arqali’ a`melge asi’ri’latug`i’nli’g`i’nan ibaratli’g`i’nda, biraq i’qlas woyati’wda ta`rbiyashi’lar woqi’wshi’lar islep ati’rg`an is-ha`reketlerdin` tuwri’ yaki qa`teligin da`lillemeydi. Bul protsesste wolar ta`rbiyalani’wshi’larg`a wo`z pikirlerin a`ste-aqi’ri’nli’q penen aytadi’. Woqi’wshi’ ta`rbiyashi’ni’n` so`zlerin ti’n`lap turi’p, wo`z is-ha`reketlerin kritikali’q bahalay baslaydi’ ha`m wo`z qulqi’n tuwri’lawg`a ha`reket yetedi.

Pu`tkil du`n`yada ha`r qi’yli’ ideyalar, ideologiyalar gu`resi dawam yetpekte. Jat aqidalar, ideyalardi’n` jurti’mi’zg`a si’rttan sug`i’li’p kiriwine qarsi’ gu`resti bir minut ta pa`seytip bolmaydi’. Xali’qarali’q terrorizm, diniy ekstremizm, giyabentlik zatlar sawdasi’ si’yaqli’ ba`le-qazalardi’n` insan wo`mirine qa`wipi menen bir qatarda ishki qa`wipler de wori’n alg`an. Si’rtqi’ ha`m ishki ideologiyali’q qa`wipler bir-biri menen ti’g`i’z baylani’sli’.

Ideyali’q-siyasiy, moralli’q-ma`nawiy, huqi’qi’y ha`m basqa tu`siniklerdi qa`liplestiriwge bag`darlang`an metodlar isendiriw metodlari’ dep ataladi’. Basqasha qi’li’p aytqanda, woki’wshi’lardi’n` ta`rbiyali’q isleri menen

shug`i’llani’p ati’rg`an ta`rbiyashi’lardi’n` woqi’wshi’larda ideyali’q-siyasiy, moralli’q-ma`nawiy tu`siniklerdi qa`liplestiriw, bul tu`siniklerdi wolardi’n` isenim-itiqati’na aylandi’ri’w ha`m sanalari’na, sezim-tuyg`i’lari’na, yerkine ta`sir yetiw maqsetinde qollani’latug`i’n metodikalar isendiriw metodikalari’ dep ataladi’.

Isendiriw metodikasi’ni’n` tiykarg`i’ formalari’ tu`sindiriw, uqti’ri’w, ideyali’q-siyasiy ha`m moralli’q-ma`nawiy temalarda sa`wbetler, bayanatlar, diskussiyalardi’ sho`lkemlestiriw, ushi’rasi’wlar uyi’mlasti’ri’w, ko`rkem shi’g`armalar menen tani’sti’ri’w, televidenie ko`rsetiwleri ha`m teatr spektakllerin ko`riw ha`mde analizlew ha`m usi’ kibilerden ibarat. Ta`rbiyashi’-ustazlar wazi’ypasi’ woqi’wshi’-jaslar menen wo`tkiziletug`i’n sa`wbet ha`m ushi’rasi’wlarda, woqi’latug`i’n bayanatlarda dushpanlardi’ ideologiyali’q quralsi’zlandi’ri’w – wolardi’n` ali’p kirip ati’rg`an qarama-qarsi’ ideyalari’n, u`ydirmelerin pash yetiw, pushqa shi’g`ari’w ha`m adamlarda ideologiyali’q immunitetti qa`liplestiriwden ibarat. Bunday wazi’ypalardi’ a`melge asi’ri’w jaslar ta`rbiyasi’na unamsi’z ta`sir ko`rsetiwshi qa`wipler, qa`terler (xali’qarali’q terrorizm, diniy ekstremizm, giyabentlik, AIJS, egotsentrizm, a`depsizlik filosofiyasi’, «Du`n`ya puqaralari’» - kosmopolitizm ha`m t.b.) ha`m wolarg`a nelerdi qarsi’ qoyi’w (perzentlerdi asi’raw, jaslardi’ ideyali’q qurallandi’ri’w, ideologiyali’q immunitetti ku`sheytiw, ilajlar ma`nis-mazmuni’n a`piwayi’ so`zler, turmi’sli’q mi’sallar menen tu`sindiriw, millet keleshegi ushi’n juwapkershilikti qa`liplestiriw, yerkti, itiqatti’ bekkemlew, sanali’ jasawg`a u`yretiw, informatsiyali’q topi’li’sti’n` ma`nis-mazmuni’n ashi’p beriw, nekeni bekkemlew ha`m usi’ kibiler) mu`mkindigi haqqi’nda mag`li’wmatqa iye boli’w imkaniyati’n beredi. Ideologiyali’q immunitet – jat, zi’yanli’ ideyalar, ideologiyalar menen toqnasqanda. Wog`an baylani’sli’ wo`z mu`na`sibetin bildire ali’w, wog`an qarsi’ gu`resiwge ideyali’q, ma`nawiy jaqtan tayar boli’w imkaniyati’. Ha`r bir adam, yen` da`slep, ha`r bir jas wo`zinin` yerkin, mustaqi’l pikirine iye bolmag`ansha, bunday immunitetti qa`liplestirip bolmaydi’. Isendiriw metodi’ni’n` unamli’

na`tiyjesi ta`rbiyashi’lardi’n` woqi’wshi’lar aldi’ndag`i’ abi’royi’ ha`m wo`z-ara duri’s mu`na`sibet wornata ali’wi’nda ko`rniedi.

Ha`zirgi ku`nde bilimlendiriw ma`kemelerinde woqi’p ati’rg`an woqi’wshi’lardi’ jat, buzg`i’nshi’ ideyalardi’n` zi’yani’ haqqi’nda wolardi’n` wo`z betinshe pikirin qa`liplestiriw tarawi’nda bir qatar na`tiyjeli isler ali’p bari’lmaqta, bul protsesste ta`rbiyashi’lar ta`repinen ha`r qi’yli’ qolayli’ usi’llar izlenbekte.

Xoshamet - ta`rbiya usi’llari’ni’n` biri boli’p, quli’qti’ du`zetiwge, tuwri’lawg`a ja`rdem beretug`i’n usi’l boli’p tabi’ladi’. Korrektirovka (du`zetiw, tuwri’law) – u`lken ma`niske iye: birinshiden, wol insan qulqi’ni’n` unamli’ formalari’n bekkemlewge ja`rdem beredi, yekinshiden, xoshametlengen is-ha`reket a`tiraptag`i’lar ushi’n a`dep u`lgisi boli’p qaladi’.

Xoshamet – woqi’wshi’g`a qanaatlani’w, quwani’w, maqtani’w, ilhamlani’w, wo`zin ja`ne de jaqsi’ tuti’w qa`lewin woyatadi’, wo`z qa`dirin biliwdi u`yretedi, ja`ma`a`t aldi’nda abi’royi’n artti’ri’wg`a imkaniyat jaratadi’, yerkin bekkemleydi.

Xoshamet haqqani’y boli’wi’ kerek. Tek belgili bir woqi’wshi’lardi’ udayi’ xoshametlew wolarda menmenlik, wo`zimshillik halatlari’ni’n` rawajlani’wi’na ali’p keliwi mu`mkin yekenligi ta`rbiyashi’ni’n` yadi’nan shi’qpawi’ kerek.

Xoshamettin` bir neshe tu`rlerin aji’rati’p ko`rsetiw mu`mkin: Unamli’ baha beriw – woqi’wshi’ni’n` tuwri’ is qi’li’p ati’rg`ani’n tasti’yi’qlawshi’ qi’sqa «Ba`rekella», «Duri’s», «Jasa» ha`m usi’ kibi so`zlerde an`lati’ladi’. Maqtaw – woqi’wshi’ni’n` is-ha`reketin, islerin analizlewshi bir qansha ken` ma`nistegi bahalar (mi’sali’, «Ahmed jaqsi’ ha`reket yetti, klassti’n` turmi’si’nda belsendi qatnasa basladi’», «Lala tek g`ana belsendi yemes, ba`lkim barli’q tapsi’rmalardi’ i’qlasli’, do`retiwshilik penen jantasqan halda wori’nlaydi’» ham t.s.s.). Si’yli’q – bir qansha sezilerli xoshametlew boli’p, a`jayi’p tabi’slardi’, is-ha`reketlerdi belgilewde qollani’ladi’. Ta`rbiyashi’ni’n` woqi’wshi’larg`a bolg`an iseniminen guwali’q beriwshi mazmuni’ jagi’nan qi’zi’qli’ tapsi’rmalar da geyde wolardi’ ilhamlandi’radi’. Isenim woqi’wshi’lar ta`repinen jaqsi’ qulqi’ ushi’n wori’nli’ maqtaw si’pati’nda qabi’l yetiledi. Unamli’ mu`na`sibetti bildiriw - woqi’wshi’lar ta`repinen ta`rbiyashi’ni’ jaqti’ri’wlari’, wolardi’n` mehribanli’qlari’, shi’n

kewilligi, dostana ha`reketleri, joldaslari’ menen birgeliktegi woyi’nlari’, potentsiali’ kiredi. Bunday mu`na`sibetler woqi’wshi’lar ta`repinen maqtaw si’pati’nda qabi’l yetilidei. Xoshamettin` mehribanli’q, itibar ha`m g`amxorli’q kibi tu`rleri, ko`birek woqi’wshi’ qapa bolg`an jag`daylarda, ju`da` za`ru`r boladi’, wo`ytkeni awi’rsi’ni’w ha`m qapagershilik, g`a`zepleniw ha`r bir isti atayi’lap buzi’w, wo`sh ali’w jag`daylari’n tuwdi’radi’. Qapashi’li’qti’n` sebebi ha`r qi’yli’ boli’wi’ mu`mkin: shan`araqtag`i’ jaman awhal, ata-anani’n` woqi’wshi’g`a bolg`an ku`ta` qatti’qolli’g`i’, klassta, mektepte tez-tez tu`rli sebeplerge ko`re talqi’lani’p turi’wi’ ha`m jazalani’wi’. Ta`rbiyashi’ni’n` ayi’plani’wshi’g`a bolg`an mehribanli’g`i’, itibari’ ha`m g`amxorli’g`i’ woqi’wshi’da ku`shli juwapkershilik sezimin woyatadi’. bunday jag`daylarda woqi’wshi’ ta`rbiyashi’ni’n` haqkewilliligin seziniwi kerek.

Iltimas – insanlarara qatnasi’qlardi’n` yen` ko`p tarqalg`an ko`rinisi. Iltimas psixologiyali’q wo`zgeshelikleri aspektinen woqi’wshi’lar ha`m wo`spirimlerge pedagogikali’q ta`sir si’pati’nda xi’zmet yetedi. Ta`rbiyashi’lar ta`repinen woqi’wshi’larg`a ja`rdem beriw imkaniyati’n beriwshi iltimas, woqi’wshi’lardi’ iltimasti’ wori’nlawg`a tayarli’qqa shaqi’radi’, ha`r qi’yli’ qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen`ip wo`tiwge ku`shlerdi sari’playdi’, soni’n` menen birge wolarda quwani’sh, ilham ha`tte baxi’t woyatadi’. «Iltimas» ta`rbiyashi’g`a woqi’wshi’lar menen jaqi’nlasi’wg`a, wolar menen wo`z-ara haq kewilli mu`na`sibetler wornati’wg`a ja`rdem beredi. Iltimas ani’q so`zler ja`rdeminde an`lati’li’p, iltimasti’ sa`wlelendirgen so`zler tolqi’ni’ tiykarg`i’ ma`niske iye boladi’. Tap usi’ so`zlerdi basqasha tolqi’n menen ayti’lsa, buyri’q formasi’n ali’wi’ mu`mkin. Iltimasti’ insanpa`rwarli’q qa`siyetlerin woyati’wshi’ usi’llardan biri dep qaraw mu`mkin.

## II. «Watan tuyg`i'si'» pa`ninen klasstan ti's jumi'slardi' sho`lkemlestiriw metodikasi'

### 1.2. «Watan tuyg`i'si'» pa`ninen klasstan ti's jumi'slar sistemasi'n jetilistiriw metodikasi'.

> «Demokratiyali'q ja`miyettin` qa`liplesiwi bir demde ju`z beretug`i'n protsess bolmastan, yen` da`slep adamlar sanasi' ha`m woylawi'nda jan`alani'w ha`m demokratiyali'q qa`diriyatlardi' bekkemlew menen baylani'sli', uzaq ha`m dawamli' protsess boli'p tabi'ladi'. Wo`mirdin` keshiwi ha`m rawajlani'wi' menen demokratiyali'q wo`zgerisler, ja`miyettin` demokratiyali'q qa`diriyatlari'ni'n` barg`an sayi'n joqari'lawi' dawam yete beredi»
>
> **Islam Karimov.**

Milliy g`a`rezsizlikke yerisiwimiz ma`na`sibeti menen tek g`ana akademiyali'q litseyler, ka`sip-wo`ner kolledjleri g`ana yemes, al uli'wma worta bilim beriwshi mektepler ha`m joqari' woqi'w wori'nlari'nda da sabaqtan ti'sqari' jumi'slardi' jetilistirip bari'w yelimizde kadrlar tayarlaw protsessindegi ma`mleketlik siyasat da`rejesinde ali'p bari'lmaqta. Atap aytqanda, bul boyi'nsha «Kadrlar tayarlawdi'n` milliy bag`darlamasi'»nda to`mendegishe qoyi'ladi':

- «mektepten ti'sqari' ta`limdi rawajlandi'ri'w, woni'n` du`zilisi ha`m mazmun da`rejesin jetilistiriw wazi'ypalari'n sheshiw ha`m bunday xi'zmetler tu`rlerin ko`rsetiw;
- ta`lim beriw ha`m kamal tapti'ri'wg`a bag`darlang`an ma`kemeler tarmag`i'n ken`eytiw ha`m bunday xi'zmetler tu`rlerin ko`beytiw;
- milliy pedagogikali'q qa`diriyatlarg`a tiykarlang`an ha`m du`n`yadag`i' aldi'n`g`i' ta`jiriybeni inabatqa ali'wshi' bag`darlamalar ha`m metodikali'q materiallar islep shi'g`i'w;

- woqi’wshi’lardi’n` bos waqti’n sho`lkemlestiriw, soni’n` ishinde xali’q wo`nermentshiliginin` wori’n alg`an tu`rleri ha`m formalari’n tiklew ha`mde a`meliyatqa yengiziw wori’nli’li’»g`i’ ayri’qsha atap ko`rsetilen.

Hu`kimetimiz ta`repinen jas a`wladti’n` ta`lim-ta`rbiyasi’ boyi’nsha wolardi’n` sabaqtan ti’s waqi’tlari’n sho`lkemlestiriw, wolardi’ zamanago`y ka`mil insanlar yetip ta`rbiyalawda respublikami’zdi’n` pedagoglari’ aldi’na qoyi’lg`an bunday quramali’ wazi’ypa qalay a`melge asi’ri’lmaqta degen soraw wori’nli’.

Wo`zbekstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrliginin` 2005-ji’l 5-iyul`degi «Mektepten ti’s ta`lim na`tiyjeliligin artti’ri’w woqi’w ji’li’ juwmaqlari’ ha`m rawajlandi’ri’w perspektivalari’ haqqi’nda»g`i’ buyri’g`i’nda ko`rsetilgenindey, woqi’wshi’lardi’ mektepten ti’s ta`lim ma`kemelerine belsendi tarti’w boyi’nsha belgili bir jumi’slar a`melge asi’ri’lmaqta. Bul ma`kemeler huqi’qti’ u`git-na`siyatlaw worganlari’ menen birgelikte «Diniy ekstremizm, terrorizm ha`m giyabentlik - wo`mir dushpani’», «Terrorizm ha`m giyabentlik - XXI a`sir wobasi’», «Wo`z huqi’qi’n`di’ wo`zin` bilesen` be?», «Terrorizmnin` qorqi’ni’shli’ aqi’betleri» temalari’nda ushi’rasi’wlar, ma`ha`lle belsendileri, ata-analar qatnasi’wi’nda sa`wbetler wo`tkizilgen.

Mektepten ti’s ta`lim ma`kemelerinde wo`z bag`darlari’ boyi’nsha 121 muzey sho`lkemlestirilgen.

Usi’ buyri’qta mektepten ti’s ta`lim babi’nda u`lken teoriyali’q ha`m a`meliy jumi’slar ali’p bari’lg`anli’g`i’na qaramastan kemshilikler de ayri’qsha atap ko`rsetilgen. Atap aytqanda, Respublika boyi’nsha mektepten ti’s ta`lim ma`kemelerine woqi’wshi’lardi’ tarti’w 8,7%ti qurag`an halda, bul ko`rsetkish Tashkent wa`layati’nda 6,3%ti qurag`anli’g`i’n, mektepten ti’s ta`lim ma`kemelerinde do`gerek sabaqlari’na balalardi’n` qatnasi’wi’ni’n` to`menligi, jasalma ra`wishte woqi’wshi’lar qatnasi’ni’n` artti’ri’p ko`rsetiliwi jag`daylari’, Respublika mektepten ti’s ta`lim ma`kemelerinde wo`z bag`darlari’ boyi’nsha aldi’n`g`i’ is ta`jiriybelerin yen jayli’ri’w ha`mde wori’nlarda ilimiy-metodikali’q ja`rdem ko`rsetiwde kemshiliklerge jol g`oyi’lg`anli’g`i’ atap ko`rsetilgen.

Soni’ ayri’qsha atap wo`tiw kerek, «Mektepten ti’s ta`lim» tu`sinigi menen birge «sabaqtan ti’s jumi’slar» tu`sinigi de wori’n alg`an. Uli’wma bilim beriwshi mektepler sistemasi’nda wori’n alg`an «Mektepten ti’s ta`lim ma`kemeleri» wo`zinde bir qatar wo`z betinshe (g`a`rezsiz) ta`lim-ta`rbiyag`a tikkeley baylani’sli’ bolg`an ma`kemelerdi wo`z ishine aladi’. Wolar qatari’nda Respublikali’q woqi’wshi’lar sarayi’, Respublikali’q jas turistler ha`m u`lketani’wshi’lar worayi’, Respublikali’q woqi’wshi’lardi’n` texnikali’q-do`retiwshilik worayi’, Respublika ta`lim worayi’ ha`m woni’n` qasi’ndag`i’ Ilimiy-metodikali’q ken`es, Respublikali’q «Bioekosan» woqi’w-metodikali’q kompleksi ma`kemelerinde Respublika ko`leminde Wo`zbekstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi qaramag`i’nda iskerlik ali’p baradi’.

Usi’ ta`lim ma`kemelerinin` woqi’wshi’lar biliminin` jetilisiwi ha`m a`sirese sanali’ tu`rde ka`sip-wo`ner iyelewlerindegi wori’n ha`m roli wog`ada u`lken. Biraq sog`an qaramastan woqi’wshi’lari’mi’z ko`p jag`daylarda uli’wma bilim beriwshi mekteplerdin` 9-klasi’n tamamlap, worta arnawli’ ka`sip-wo`ner bilimlerndiriw sistemasi’na woqi’wg`a kirgennen keyin wolardi’n` mektepten ti’s ta`lim ma`kemeleri menen baylani’slari’ derlik u`ziledi. 9-klassti’ tamamlap, akademiyali’q litsey yamasa ka`sip-wo`ner kolledjine woqi’wg`a kirgen woqi’wshi’ ta`limnin` u`zliksizligin bir ta`repten abi’roy menen wori’nlap taslag`an si’yaqli’. Wonda, mektepten ti’s shi’ni’g`i’wlardi’n` u`zliksizligi qay jerde qaldi’? Joqari’da ko`rsetkenimizdey, Respublikali’q woqi’wshi’lar sarayi’, Respublikali’q jas turistler ha`m u`lketani’wshi’lar worayi’, Respublikali’q woqi’wshi’lardi’n` texnikali’q-do`retiwshilik worayi’, Respublikali’q «Bioekosan» woqi’w-metodikali’q kompleksi WoAKO`T, akademiyali’q litsey woqi’wshi’lari’ni’n` sanali’ ka`sip tan`lawlari’ ha`m woni’ da`wir talabi’ da`rejesinde ja`nede jetilistirip-iyelep bari’wlari’nda wog`ada u`lken a`hmiyetke iye. Pikirimizshe, bul boyi’nsha Respublikami’zdi’n` Joqari’ ha`m worta arnawli’ bilimlendiriw ministrligi menen Xali’q bilimlendiriw ministrliginin` taraw qa`nigeleri wortasi’nda integratsiyali’q birge islesiw ja`ne de jetilistirilse, ka`mil

insandi’ ta`rbiyalap, yer jetkiziw joli’ndag`i’ uli’wmamilliy maqsetimizdi a`melge asi’ri’wda ken` imkaniyatlar jaratqan bolar yedik.

Solay yeken, biz pedagoglar birinshi gezekte ta`lim-ta`rbiya protsessin haqi’yqi’y ma`niste demokratiyalasti’ri’p bari’p, Prezident I.A.Karimov so`zleri menen aytqanda, ma`mleket ha`m ja`miyetti basqari’wdi’ yerkinlestirip bari’p, usi’ wori’nda jeke ali’ng`an mashqala – «Watan tuyg`i’si’» pa`nin woqi’ti’w na`tiyjeliligin artti’ri’wda bir g`ana ma`lim bir shen`berdegi avtorlar ja`ma`a`tine maqul bolg`an «bag`darlama» yaki «woqi’w qollanba»larg`a dogmatikali’q mu`na`sibette boli’p, wolarg`a g`ana jabi’si’p qalmastan, kerisinshe wolarg`a do`retiwshilik penen, variativ jantasi’wi’mi’z bu`gingi da`wir talabi’ yekenligin, sonday-aq, woqi’w protsessin demokratiyalasti’ri’w menen woni’n` do`retiwshilik rawajlandi’ri’li’p bari’li’wi’ u`zliksiz protsess yekenligin, ta`lim-ta`rbiyani’n` bizdi qorshap turg`an joshqi’n protsess yekenligin hesh bir umi’tpawi’mi’z kerek.

Usi’ wori’nda jaslari’mi’zda milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n ha`m joqari’ ruwxi’yli’qti’ qa`liplestirip bari’wda, ta`limnin` jaslari’mi’zdi’ qorshap turg`an sotsialli’q turmi’s penen tikkeley baylani’sti’ri’p bari’w, uzaq wo`tmishimizden bizge wo`tken, miyras boli’p kiyati’rg`an biyta`kirar tariyxi’y yesteliklerimizdi maqsetlerimizge muwapi’q jetik u`yrenip bari’w wog`ada wori’nli’. Bul Prezident I.Karimov ta`repinen islep shi’g`i’lg`an kontseptsiya - «Tariyxi’y yadsi’z - keleshek joq» degenge de a`mel qi’ladi’.

Soni’ ayri’qsha atap wo`tiw kerek, xalqi’mi’z ta`repinen a`sirler dawami’nda jarati’lg`an ha`m milliy bayli’g`i’mi’z bolg`an biyta`kirar tariyxi’y yesteliklerimizdi saqlaw ha`m qayta tiklew ruwxi’y bag`darlamami’zdi’n` aji’ralmas bo`legi boli’p qaladi’.

Wo`zbekstan g`a`rezsizlikke yeriskennen keyin ma`deniy yesteliklerdi qorg`aw isi ma`mleket siyasati’ da`rejesine ko`terildi. Bu`gingi ku`nde respublikami’zda 7000nan aslam tariyxi’y yestelikler, soni’n` ishinde 2500 arxitektura yestelikleri, 2700 den aslam arxeologiya ha`m 1000 nan zi’yat iskusstvo yestelikleri ma`mleket qorg`awi’na ali’ng`an. yen` ko`p tariyxi’y yestelikler toplang`an Wo`zbekstanni’n` 10 qalasi’ tariyxi’y qalalar dizimine

kirgizilgen. Wolar arasi’nda Samarqand, Buxara, Xiywa, Shahrisabz, Tashkent, Qoqan ha`m basqalar bar. Xiywa, Buxara, Samarqandti’n` tariyxi’y qa`liplesken qala woraylari’ tariyxi’y-arxitekturali’q qori’qxanalar dep ja`riyalandi’. G`a`rezsizlik ji’llari’nda Wo`zbekstan xali’qarali’q YuNESKO sho`lkeminin` ten` huqi’qli’ ag`zasi’ boldi’. Xiywadag`i’ «Iyshan qala» qori’qxanasi’nda (1991), Buxarani’n` tariyxi’y worayi’nda jaylasqan yestelikler (1993), Shahrisabz qalasi’ndag`i’ Temur ha`m temuriyler da`wirinin` arxitekturali’q yestelikleri (2001), Samarqand qalasi’ worayi’ndag`i’ tariyxi’y yestelikler (2002) Xali’qarali’q Ja`ha`n Ma`deniy Miyrasi’ dizimine kirgizildi.

Son`g`i’ 10 ji’lli’qta ma`deniy ha`m tariyxi’y yesteliklerdi dizimge ali’w jumi’slari’ na`tiyjesinde XX 90-ji’llari’ aqi’ri’nda wolardi’n` 7612 si yesapqa ali’ng`an bolsa, solardi’n` 1595in arxitekturali’q yestelikler, 3106 si’n iskusstvo shi’g`armalari’, 2115 in arxeologiyali’q yestelikleri quradi’. Wolardan 1831 i Respublika ko`leminde ma`mlekettin` qorg`awi’na ali’ng`an boli’p, 513 i arxitekturali’q yestelikler, 98 i iskusstvo shi’g`armalari’, 1213 i arxeologiyali’q ha`m 27 si tariyxi’y yestelikler boli’p tabi’ladi’.

Bul mag`li’wmatlar ma`mleketimizdin` pu`tkil aymag`i’ a`yyemgi ma`deniyat ha`m tsivilizatsiya woshaqlari’nan bolg`ani’nan da`lalat beredi. Bunday yestelikler a`sirese Samarqand, Buxara, Qashqada`r`ya, Tashkent, Ferg`ana wa`layatlari’nda, Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda wog`ada ko`p.

Endigi wazi’ypami’z jas a`wladqa «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen ta`lim-ta`rbiya beriw protsessinde, a`sirese klasstan ti’s jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw ha`m ali’p bari’wda ata-babalari’mi’z qaldi’rg`an tariyxi’y miyraslardan wolarda milliy ideyani’ ha`m joqari’ ruwxi’yli’qti’ qa`liplestiriwde, woqi’wshi’lardi’n` bul pa`nnen alg`an teoriyali’q bilimlerin wolardi’n` ku`ndelik turmi’si’nda qollana biliwlerinde, qalaberse, wolarda «Wo`zbek xalqi’ hesh qashan, hesh kimge qaram bolmaydi’» ideyasi’n bekkem qa`liplestirip bari’wda qol keledi.

Wo`zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin` qarari’na muwapi’q ayi’na bir ku`n «Ruwxi’yli’q ku`ni»n wo`tkeriwde bul pa`nnen sabaq beretug`i’n mug`allimlerdin` de belsendi qatnasi’wi’ talap yetiledi. Atap aytqanda,

mug`allimler wo`z iskerliklerinde «Watan tuyg`i’si’»n woqi’ti’wg`a baylani’sli’ ilimiy-metodikali’q ha`m didaktikali’q ilajlardi’ islep shi’g`i’wi’, jetilistirip bari’wi’ kerek. Bunnan ti’sqari’ klasstan ti’s jumi’slar ma`selesinde «Ruwxi’yli’q ku`nleri»nde woqi’wshi’lardi’ respublikami’zda wori’n alg`an, a`sirese g`a`rezsizlik ji’llari’nda jarati’lg`an ko`p g`ana tariyxi’y yestelikler menen tani’sti’ri’p bari’w jumi’slari’n izge sali’wlari’ kerek boladi’. Bul woqi’wshi’larda azat ha`m abat Watan, yerkin ha`m pa`rawan turmi’s keshiriw ruwxi’n ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye. Watan ma`pin wo`z ma`pi dep an`laytug`i’n jaslar yetip ta`rbiyalawda wolardi’n` sabaq protsessinde alg`an teoriyali’q bilimlerin a`meliyatta, tariyxi’y ekskursiyalar dawami’nda ani’q tariyxi’y derekler ha`m zatlar ja`rdeminde da`liller menen bayi’ti’w wog`ada man`i’zli’. Bul wori’nda Wo`zbekstan Respublikasi’ Prezidentinin` 1998-ji’lg`i’ «muzeyler iskerligin jaqsi’law ha`m jetilistiriw haqqi’nda»g`i’ pa`rmani’nda atap ko`rsetilgenindey, muzeyler xalqi’mi’zdi’n` ruwxi’y-a`dep-ikramli’li’q ar-nami’si’ ha`m maqtani’shi’n, milliy g`a`rezsizlik ideyalari’ ha`m ideologiyasi’na sadi’qli’q, sonday-aq ana Watang`a mehir-muhabbat tuyg`i’lari’n woyati’w ha`m ta`rbiyalawda za`ru`r qural yekenligi pedagoglardi’, a`sirese «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s jumi’slar ali’p bari’w protsessinde respublikami’zda wori’n alg`an ha`r qi’yli’ muzeyler eksponatlari’nan maqsetke muwapi’q paydalani’wg`a shaqi’radi’.

Yendi to`mende «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen woqi’wshi’larg`a Watani’mi’zdi’n` bay tariyxi’y ma`deniy miyrasi’, yestelikleri, a`seresi g`a`rezsizlik ji’llari’nda jarati’lg`an ayi’ri’mi’ tariyxi’y yestelikler kompleksi menen tani’sti’ri’w maqsetinde ali’p bari’lg`an a`meliy islerden u`lgiler keltiriledi.

Birinshi gezekte woqi’w ji’li’ basi’nda «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen saatlardi’n` bo`listiriliwin islep shi’g`i’w protsessinde usi’ pa`ndi woqi’ti’w, na`tiyjeliligin artti’ri’w ha`m jetilistiriw, jaslarda milliy ideya ha`m ideologiyani’, joqari’ ruwxi’y pa`ziyletlerdi qa`liplestiriwdi da`wir talabi’ da`rejesine ko`teriw maqsetinde «Ta`limnen ti’s jumi’slardi’ sistemali’ a`melge asi’ri’wdi’ jetilistiriw»din` to`mendegi jobasi’ du`zip shi’g`i’ladi’.

1. «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’» pa`ninin` tiykari’n sali’wshi’ Prezident I.Karimov shi’g`armalari’, bayanatlari’, g`alaba xabar qurallari’ xi’zmetkerlerine bergen interv`yulerin ha`r ta`repleme u`yreniw, wolarda ilgeri su`rilgen ilimiy-teoriyali’q printsiplerdi ha`r bir woqi’wshi’ sanasi’na woperativ ra`wishte jetkiziw maqsetinde «Jas siyasiy sholi’wshi’lar» do`geregin du`ziw jaqsi’ na`tiyjeler beredi. Usi’ do`gerekte, sonday-aq g`alaba xabar qurallari’nda ko`terilgen ayi’ri’m man`i’zli’ ma`selelerdi de ha`r ta`repleme analizlep, ken` woqi’wshi’ ja`ma`a`tinde talqi’law usi’ni’s yetiledi. Za`ru`r tabi’lsa, xali’qarali’q maydanda ju`z bergen ma`selelerge bag`i’shlap wo`tkerilgen ilajlarda temag`a bag`i’shlang`an referatlar da tayarlanadi’ ha`m jaqlanadi’.

2. Ha`r bir woqi’wshi’g`a «wo`zbek modeli»nin` tiykarg`i’ printsiplerinin` biri boli’p tabi’latug`i’n «ni’zam u`stinligi», g`a`rezsiz Wo`zbekstani’mi’zda «huqi’qi’y demokratiyali’q ja`miyet quri’w» tiykarlari’n sistemali’ ra`wishte sin`dirip bari’w maqsetinde «Jas huqi’qtani’wshi’lar» do`geregin sho`lkemlestiriw. Do`gerek iskerligine juwapkershilik mektepte huqi’qtani’w bag`dari’nda sabaq beretug`i’n mug`allimge ju`klenedi.

3. Sabaqtan ti’s waqi’tlari’ woqi’wshi’lardi’ ma`mleketimizdin` tariyxi’y yestelikleri, ag`arti’wshi’li’q-ma`deniy wori’nlari’, iskusstvo saraylari’, a`sirese g`a`rezsizlik ji’llari’nda jarati’lg`an binalar menen ha`r ta`repleme tani’sti’ri’w maqsetinde ekskursiyalar uyi’mlasti’ri’ladi’.

4. «Jas u`lketani’wshi’lar», «Jas watanpa`rwarlar» do`gereklerin sho`lkemlestiriw

5. Woqi’wshi’larg`a wo`z ma`ha`lleleri, awi’llari’, rayonlari’ tariyxi’ temasi’nda referat jazi’w, shi’g`arma jazi’w tapsi’ri’ladi’.

6. Ma`ha`lle belsendileri, aqsaqallari’ qatnasi’wi’nda «Ma`ha`llemiz tariyxi’nan» temasi’nda sa`wbetlesiw wo`tkiziledi

7. «Diniy ekstremizm ne?» temasi’nda Wo`zbekstan Respublikasi’, wa`layat, rayon IIB wa`killeri qatnasi’wi’nda sa`wbetlesiwler, ushi’rasi’wlar ali’p bari’ladi’.

8. Woqi’w wori’ni’ kitapxanasi’nda tariyxi’y sa`nelerdi bayramlawg`a bag`i’shlang`an kitaplar konferentsiyasi’n wo`tkiziw.

9. «Biz qi’rag`i’mi’z ba?» temasi’nda sa`wbet wo`tkiziw. Bunda «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’ ha`m ruwxi’yli’q tiykarlari’» pa`ni menen bir qatarda tariyx, huqi’tani’w pa`ni mug`allimlerinin` de belsendi qatnasi’wi’ maqsetke muwapi’q boladi’.

10. Tariyxshi’-arxeolog ali’mlar menen «Watani’mi’zdi’n` wo`tmishi ha`m bu`gingi, keleshegi» temasi’nda sa`wbetlesiw wo`tkeriw

11. Respublikami’z quralli’ ku`shleri, IIB, Ma`mleketlik qa`wipsizlik komiteti xi’zmetkerleri, ata-analar, ken` ja`miyetshilik wa`killeri qatnasi’wi’nda «Watandi’ su`yiw iymannandur» temasi’nda sa`wbetlesiw wo`tkiziw.

12. «2012-ji’l ne ushi’n «Bekkem shan`araq ji’li’ dep ja`riyalandi’?» temasi’nda rayon «Kamolat», JJH sho`lkemi basshi’li’g`i’ni’n` qatnasi’wi’nda sa`wbetlesiw wo`tkeriw.

13. Ha`r bir ji’lg`a berilgen atama mu`na`sibeti menen sa`wbetlesiwler, ushi’rasi’wlar, kesheler uyi’mlasti’ri’w.

Insan shaxsi’ni’n` kamal tabi’wi’ ku`ta` quramali’ ha`m u`zliksiz protsess dawami’nda qa`liplesedi. Woni’n` ta`rbiyasi’na ata-anasi’, mektep, ma`ha`lle, doslari’, ja`miyetlik sho`lkemler, qorshag`an wortali’q, g`alaba xabar qurallari’, iskusstvo, a`debiyat, ta`biyat ha`m t.b. ta`sir ko`rsetedi. «Watan tuyg`i’si’» pa`ni boyi’nsha klasstan ti’s jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw ha`m ali’p bari’wda mine usi’ faktorlardi’n` barli’g`i’ni’n` ta`sirin inabatqa ali’w jumi’sti’n` na`tiyjeliligin artti’radi’.

Woqi’wshi’larg`a milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n ha`m joqari’ ruwxi’yli’qti’ klasstan ti’s jumi’slar arqali’ sin`diriwdin` tiykarg`i’ wazi’ypalari’ si’pati’nda to`mendegilerge itibar qarati’w lazi’m:

- jaslardi’ yerkin pikirlewge u`yretiw, wo`mir mazmuni’n tu`sinip ali’wg`a ko`meklesiw, wo`zin-wo`zi basqari’w ha`m qadag`alay biliwdi qa`liplestiriw, wo`zinin` jeke turmi’si’na maqsetli jantasi’w, joba menen a`mel birligi sezimin woyati’w;

- woqi’wshi’lardi’ milliy, uli’wmainsani’y qa`diriyatlar, Watani’mi’zdi’n` bay ruwxi’y miyrasi’ menen tani’sti’ri’w, ma`deniy ha`mde du`n`yali’q bilimlerdi iyelewge bolg`an talaplardi’ qa`liplestiriw, yeplilik payda yetiw, wo`sirip-bayi’ti’p bari’w ha`m estetikali’q tu`siniklerdi qa`liplestiriw;
- ha`r bir wo`spirimnin` bilimdanli’g`i’n ha`m do`retiwshilik imkaniyatlari’n ani’qlap, wolardi’ rawajlandi’ri’w, insan iskerliginin` ha`r qi’yli’ tarawlari’na yengizip ko`riw. Balalar do`retiwshiligi, qa`biletlerin ju`zege shi’g`ari’w ha`m ja`nede qollap-quwatlaw ushi’n sha`rt-sha`rayatlar tayarlaw;
- insanpa`rwarli’q a`debi wo`lshemlerin qa`liplestiriw (birin biri tu`siniw, mehribanli’q, miyrimlilik, rasali’q ha`m milliy kemsitiwlerge qarsi’ gu`rese ali’w), qari’m-qatnasi’q a`debi si’yaqli’ ta`rbiya qurallari’n ken` qollani’w;
- adamlar menen wo`z-ara qari’m-qatnasi’qti’ u`yreniw, wo`z xalqi’na, ma`mleketine xi’zmet yetiwge, woni’ qorg`awg`a ha`miyshe tayar boli’p turi’w, Wo`zbekstan Respublikasi’ ha`m basqa ma`mleketlerdin` simvollari’na hu`rmet penen qaraw, jas a`wladti’ Wo`zbekstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’na, Bayrag`i’na, gerbine, Gimnine, Prezidentine sadi’q yetip ta`rbiyalaw;
- Ni’zam, ja`miyetlik a`dep-ikramli’li’q ha`m turmi’s qag`i’ydalari’na hu`rmet penen qarawdi’ ta`rbiyalaw, shaxsti’n` siyrek qi’rlari’n belgilewshi puqarali’q ha`m sotsialli’q juwapkershilik sezimlerin rawajlandi’ri’w, wo`zi jasap ati’rg`an ma`mlekettin` gu`lleniwi, insaniyat rawalani’wi’n turaqli’ saqlap qali’w ushi’n pidayi’li’qti’, ekologiyali’q ta`lim-ta`rbiyani’ a`melge asi’ri’w;
- g`a`rezsiz ma`mleketimiz - Wo`zbekstan Respublikasi’ni’n` ishki ha`m si’rtqi’ siyasati’na qi’zi’g`i’wshi’li’qti’ artti’ri’w, woni’n` ti’ni’shli’qti’ su`yiwshi, demokratiyali’q ha`m basqa ma`mleketlerdin` ishki islerine aralaspawshi’li’q, a`shkarali’q si’rtqi’ siyasati’na ha`m wo`z xalqi’ni’n` turmi’s da`rejesin artti’ri’wg`a bag`darlang`an, puxaralardi’ sotsialli’q jaqtan qorg`aytug`i’n ishki siyasati’n duri’s tu`sindiriw;

- turmi’sta yen` joqari’ qa`diriyat yesaplang`an miynetke do`retiwshilik penen jantasi’w pa`ziyletlerin qa`liplestiriw;
- salamat turmi’s ta`rizine umti’li’wdi’ ta`rbiyalaw ha`m rawajlandi’ri’w, mu`na`sip sem`ya iyesi boli’wg`a umti’li’wdi’ qa`liplestiriw;
- jaslari’mi’zda yerkin ha`m wo`z betinshe pikirlewge u`yretiw.

Klasstan ti’s jumi’slar woqi’wshi’lardi’n` qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’, qa`lewleri, yerki ha`m za`ru`rliklerine su`yengen halda, wolardi’n` sabaqtan bos waqi’tlari’nda woqi’w-ta`rbiya protsessin toli’qti’radi’. Wol woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshilik qa`biletlerin, baslamashi’li’g`i’n artti’ri’wg`a imkaniyat jaratadi’. Klasstan ti’s jumi’slardi’n` wo`zine ta`nligi sonnan ibarat, do`gerek, klub bag`darlamalari’ni’n` ra`n`-ba`ren`ligi, wolar mazmuni’ndag`i’ jan`ali’qlar, wo`spirimlerdin`, qi’z-jigitlerdin` sotsialli’q shaxs si’pati’nda qa`liplesiwleri ushi’n bir qatar imkaniyatlar jaratadi’.

Klasstan ti’s jumi’slardi’ a`melge asi’ri’w arqali’ woqi’wshi’lar wortasi’nda milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n ha`m joqari’ ruwxi’yli’qti’ u`git-na`siyatlaw, qa`liplestiriw imkaniyatlari’ wori’n alg`an boli’p, wolardi’ jetilistiriw arqali’ tabi’sli’ na`tiyjelerge yerisiwimiz mu`mkin.

Woqi’wshi’lardi’n` bir ku`nlik waqi’t byudjeti: woqi’w ha`m sabaqtan ti’sqari’ waqi’t sociaologiyasi’n ani’qlaw ha`m soni’n` tiykari’nda klasstan ti’s jumi’slardi’ na`tiyjeli sho`lkemlestiriw ilajlari’n islep shi’g`i’w ha`m a`melge asi’ri’w za`ru`r.

Sabaqtan ti’sqari’ ruwxi’yli’q-ag`arti’wshi’li’q jumi’slari’n sho`lkemlestiriwde tan`lawlar, klublar, ko`rkem ha`weskerlik, ushi’rasi’wlar, disputlar, sport jari’slari’, sa`wbetlesiwler, treningler ha`m t.b. si’yaqli’ jumi’s tu`rlerinen; isendiriw, u`lgi ko`rsetiw, u`yreniw, shi’ni’qti’ri’w, xoshametlew, illetlerge unamsi’z mu`na`sibet bildiriw, pikirlesiwler, baqlaw, trening, ja`miyetlik do`retiwshilik iskerlik, «ideologiyali’q jag`day», ha`reketli, rolli woyi’nlar ha`m t.b. usi’llardan na`tiyjeli paydalani’w lazi’m.

Kitapqa muhabbat, kitapti’ abaylap-saqlaw ha`m kitapxanli’q xalqi’mi’zdi’n` ruwxi’y kamalati’nda man`i’zli’ a`hmiyetke iye bolg`an pa`ziyletke aylang`an.

Sebebi adamlardi’n` wo`zin-wo`zi ta`rbiyalawi’nda kitap ha`m bilim deregi, ha`m wo`zin`izdi ko`riw, sali’sti’ri’w, yeliklew, pikir ju`rgiziw, pikir talasti’ri’wda belgili da`rejede ayna wazi’ypasi’n atqaradi’. Kitapxanli’q pikirlesiw ha`m pikir ju`rgiziw qa`biletin qa`liplestiredi, pikirdi teren`lestiredi, sharlaydi’. Klasstan ti’s jumi’slardi’ jaslardi’ kitap woqi’wg`a shaqi’ri’w, wolardi’ kitaplardan paydalani’p wo`z u`stinde islew imkaniyatlari’n jarati’w man`i’zli’ a`hmiyetke iye boli’p tabi’ladi’.

Tariyxi’y wori’nlar, yestelikler, ziyaratjaylar menen tani’si’p, wolardi’ u`yreniwge woqi’wshi’lardi’ tarti’w za`ru`r. Bu`gingi ku`n talaplari’nan kelip shi’g`i’p, muzeyler iskerligin ja`ne de teren`lestiriw jumi’slari’ a`melge asi’ri’lmaqta. Muzeylerge woqi’wshi’lardi’n` bari’wi’n sho`lkemlestiriwdi da`stu`rge aylandi’ri’w kerek.

«Menin` ma`mleketim», «Menin` xalqi’m», «Menin` Watani’m», «Biz hesh kimnen kem bolmag`anbi’z, kem bolmaymi’z da» ha`m usi’ si’yaqli’ basqa temalarda ha`r qi’yli’ ag`arti’wshi’li’q ilajlar sho`lkemlestirip, wolarda woqi’wshi’lardi’n` belsendi qatnasi’wi’n ta`miynlew lazi’m.

Rayon, qala, wa`layat ha`m respublika ruwxi’yli’q-ag`arti’wshi’li’q woraylari’, joqari’ woqi’w wori’nlari’, ilimiy izertlew institutlari’, muzeyler, sayahat ma`kemeleri, g`alaba xabar qurallari’ menen birgelikte islesiwdi jolg`a qoyi’w lazi’m.

Muzeyler, tariyxi’y wori’nlar, zavod-fabrikalar, iskusstvo saraylari’, kontsert zallari’, teatr, televidenie ha`m t.b. ekskursiya sabaqlari’n sho`lkemlestiriw maqsetke muwapi’q boladi’.

Tariyxi’y wori’nlarg`a sayahat wo`zine ta`n ruwxi’yli’q-ag`arti’wshi’li’q jumi’s usi’li’ boli’p, woqi’wshi’larg`a u`yrenilip ati’rg`an ob`ektti ko`riw, baqlaw ha`m wolar haqqi’nda jetik, toli’q mag`li’wmatlar ali’wg`a imkaniyat beredi. Bul sabaq abzalli’g`i’ni’n` ja`ne bir ta`repi boli’p, u`yrenilip ati’rg`an ob`ekt haqqi’nda aldi’n wori’n alg`an bilimlerdi toli’qti’ri’w ushi’n sali’sti’ri’w, analizlew sha`rayati’n jaratadi’.

Ma`mleketimizdin` barli’q territoriyali’q birliklerinde sa`neler, atlar, tariyxi’y waqi’yalar, da`wirler menen baylani’sli’ wori’nlar ko`p. Wolar ko`she, to`belik, bina, say, da`r`ya, awi’l, ma`ha`lle boli’wi’ mu`mkin. Sayahatlardi’ woqi’w ma`kemesine jaqi’n, woqi’wshi’lardi’n` jasaw wori’nlari’nda uyi’mlasti’ri’w bir qatar qolayli’qlarg`a iye.

Ushi’rasi’wlar, tani’si’wlar, ko`rgizbeler, ko`rik-tan`lawlar sho`lkemlestiriw milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n ha`m joqari’ ruwxi’yli’qti’ jaslar sanasi’na sin`diriwde man`i’zli’ a`hmiyetke iye. Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n woqi’wshi’larg`a sin`diriwde ja`miyetshilik wa`killeri menen ushi’rasi’w ayri’qsha a`hmiyetke iye. Wolar xali’q su`ygen shayi’r-jazi’wshi’lar, iskusstvo sheberleri, huqi’q worganlari’ xi’zmetkerleri, siyasiy partiyalardi’n` wa`killeri, Watan qaharmanlari’, a`skeriy xi’zmetkerler, sali’q, miynet bo`limleri xi’zmetkerleri, ali’mlar, siyasatshi’lar, sportshi’lar boli’wi’ mu`mkin. Bunday ja`miyetshilik wa`killeri menen ushi’rasi’wlar turmi’s ta`jiriybeleri haqqi’nda janli’ qari’m-qatnas jasap, sa`wbetlesiwlerge imkaniyat beredi. Wolar menen mu`na`sibette boli’w arqali’ woqi’wshi’lar wo`zlerin qi’ynap ati’rg`an, qi’zi’qti’rg`an sorawlarg`a tikkeley juwap aladi’. Wolardi’n` wo`mir joli’ ha`m iskerligi Watan ushi’n xi’zmet yetiw ideyasi’na ayqi’n mi’sal boli’p, woqi’wshi’lardi’ mine usi’ bag`darda jasawg`a shaqi’radi’.

Pa`n boyi’nsha do`gerekler sho`lkemlestiriw ha`m wolardi’n` u`zliksiz islewin ta`miynlew milliy g`a`rezsizlik ideyasi’n woqi’wshi’lar sanasi’na sin`diriwde a`hmiyetli ta`lim-ta`rbiya protsessi boli’p yesaplanadi’.

Do`gerekler ha`m jaslar klublari’nda ko`rik-tan`lawlar yamasa konferentsiyalar sho`lkemlestiriw, fotosu`wretler, al`bomlar ko`rgizbelerin wo`tkeriw, su`wret sali’w, kesteshilik ha`m basqa da milliy wo`nermentshilik jumi’slari’n ko`rsetiw menen de milliy g`a`rezsizlik ideyasi’ tu`sinikleri sin`diriliwi mu`mkin.

Jaslardi’n` toy-merekelerde, g`alaba seyiller, bayramlarda qatnasi’wi’ tiykari’nda ma`ha`llede wo`zin tuti’wi’, u`lkenge hu`rmet, kishige izzetti, jaqsi’-jaman ku`nlerde jelkeles boli’w sezimlerin u`yretiw arqali’ milliy g`a`rezsizlik

ideyasi’ni’n` tiykarg`i’ printsiplerinen bolg`an milliy ha`m uli’wmainsani’y qa`diriyatlarg`a mu`na`sibetti qa`liplestiriwge itibar qarati’w lazi’m.

Solay yetip, milliy g`a`rezsizlik ideyasi’ ha`m joqari’ ruwxi’yli’qti’ klasstan ti’s jumi’slar arqali’ sin`diriw usi’llari’ ha`m formalari’ wog`ada ha`r qi’yli’, ra`n`-ba`ren` boli’p tabi’ladi’. Wolardan paydalani’w arqali’ woqi’wshi’lardi’ watanpa`rwar, wo`z ma`nip watan ma`pi menen uyg`i’n halda ko`retug`i’n, haq-huqi’qlari’n tani’g`an, millet ta`g`diri ushi’n qayg`i’ra alatug`i’n, sotsialli’q jaqtan belsendi shaxslar yetip ta`rbiyalaw imkaniyatlari’ ken`.

## 2.2. «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s ilajlar texnologiyalari’

Bizler jumi’si’mi’zdi’n` bul babi’n jazi’wda A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’, huqi’q ha`m ruwxi’yli’q tiykarlari’» ta`lim bag`dari’ni’n` 3-4 kurslari’nda woqi’p ju`rgen da`wirimizde No`kis qalali’q 6, 37 sanli’ uli’wma worta bilim beriwshi mekteplerde wo`tegen qa`nigelik, ma`mleketlik pedagogikali’q a`meliyat dawami’nda toplag`an ta`jiriybemizge su`yendik. To`mende bizler a`meliyat dawami’nda iske asi’rg`an klasstan ti’s jumi’slardi’n` ishinde woqi’wshi’ jaslarda ko`birek unamli’ ta`sir qaldi’rg`anlari’ni’n islenbelerin keltiriwdi maqul ko`rdik. Bunday klasstan ti’s jumi’slar tek g`ana mekteplerde «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’: tiykarg`i’ tu`sinik ha`m printsipler» du`rkim pa`nlerin woqi’ti’w na`tiyjeliligin artti’ri’p qoymastan, woqi’wshi’lardi’n` ha`r ta`repleme jetik, milliy-ma`nawiy qa`diriyatlarg`a sadi’q, watanpa`rwar, milletpa`rwar, wo`mirde wo`zinin` bekkem pozitsiyasi’na iye shaxslar boli’p jetilisiwine de unamli’ ta`sir jasaydi’.

### I. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ ku`nine bag`i’shlap wo`tkeriletug`vn viktorina

***Maqseti:*** woqi’wshi’larda ma`mleketlik simvollarg`a hu`rmet, qi’zi’g`i’wshi’li’qta qa`liplestiriw, wolarda watanpa`rwarli’q, milliy maqtani’sh sezimlerin bekkemlew.

***Viktorinani’ wo`tkeriw sha`rtleri:***

Ha`r bir klasstan 7-10 adam qatnasadi’, topar sa`rdarlari’ saylanadi’.

1-basqi’sh. Toparlardi’n` wo`zlerin tani’sti’ri’wi’ 5-minutka shekem

2-basqi’sh. Konstitutsiya – baxti’mi’z. Konstitutsiyani’ uli’g`lawg`a bag`i’shlang`an bul basqi’shta ha`r bir topar wo`zleri aldi’n ala tayarlap kelgen bag`darlamasi’n ko`rsetedi. Ha`r bir toparg`a 5 minuttan

3-basqi’sh. Komandali’q soraw-juwap 15 minutka shekem

4-basqi’sh. Sa`rdarlar bellesiwi

***Viktorina sorawlari’ to`mendegilerden ibarat:***

1. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ neshe stat`yadan ibarat? - 119

2. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi' neshe bo`lim ha`m tarawlardan ibarat? – 26 bo`lim, 6 taraw
3. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi' qashan qabi'l yetilgen? – 9-aprel` 1993-ji'l
4. 1993-ji'l 9-aprel`de Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg`i' Ken`esinin` neshinshi shaqi'ri'q ha`m neshinshi sessiyasi'nda qabi'l yetilgen? – 12-shaqi'ri'q, 12-sessiyasi'
5. 1993-ji'l 9-aprel`de Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi' qabi'l qi'li'ng`anda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg`i' Ken`esinin` basli'g`i' kim yedi? – U`bbiniyaz A`shirbekov
6. Birinshi ma`rtebe qashan Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi'na wo`zgerisler ha`m qosi'mshalar kirgizildi? – 1994-ji'l 26-fevral`da
7. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n` neshinshi stat`yasi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' paytaxti' No`kis qalasi' dep ko`rsetilgen? – 6 stat`yada
8. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi' neshinshi stat`yasi'nda «xali'q - ha`kimiyatti'n` birden bir deregi» dep ko`rsetilgen? – 7-stat`yasi'nda
9. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n` neshinshi stat`yasi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n` xali'qarali'q ha`m si'rtqi' ekonomikali'q qatnasi'qlari' haqqi'nda ko`rsetilgen? – 17-stat`yada
10. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n` 6-tarawi' (bo`limi) ne haqqi'nda? – Konstitutsiyani' wo`zgertiw ta`rtibi haqqi'nda
11. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n` 4-taraw (bo`lim) XVI babi' ne haqqi'nda? - Ha`kimshilik-aymaqli'q du`zilis haqqi'nda
12. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstitutsiyasi'ni'n` 68 stat`yasi'na muwapi'q qaysi' uyi'm ni'zam shi'g`ari'wshi' ha`kimiyatti' a`melge asi'radi'? - Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg`i' Ken`esi

13. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` 69-stat`yasi’na muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg`i’ Ken`esine deputatli’qqa qansha mu`ddetke saylanadi’? – 5 ji’l
14. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg`i’ Ken`esine neshe jasqa tolg`an puxaralar deputatli’qqa saylana aladi’? – 25 jasqa
15. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` 86-stat`yasi’na muwapi’q qaysi’ uyi’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma`mleketlik ha`kimiyatti’n` joqari’ atqari’wshi’-basqari’wshi’ uyi’mi’ boli’p tabi’ladi’? - Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken`esi
16. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` 101-stat`yasi’na muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ sudlari’ qanday sudlardan ibarat? – Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqari’ sudi’ ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ hojali’q sudi’
17. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` 102-stat`yasi’na muwapi’q Joqari’ sudi’ qanday salalardag`i’ (tarawlardag`i’) sud islerin ju`rgiziw huqi’qlari’na iye? – Ji’nayi’y, puxarali’q ha`m ha`kimshilik
18. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` 99-sat`yasi’na muwapi’q, poselkalar, awi’llar ha`m ma`kan-puxaralar ken`esleri basli’qlari’ (aqsaqallari’) ha`m woni’n` ken`esgo`yleri qansha mu`ddetke saylanadi’? – 2,5 ji’lg`a
19. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` qaysi’ bap ha`m stat`yalari’ g`alaba xabar qurallari’na arnalg`an? – XV-bap, 65-stat`ya
20. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstitutsiyasi’ni’n` neshinshi stat`yasi’nda puxaralar bilim ali’w huqi’qlari’na iye dep ko`rsetilgen? – 39-stat`ya

## II. «G`alaba ma`deniyat» - jaslar ruwxi’yli’g`i’na qa`wip

Woqi’wshi’larg`a arnalg`an keshe bag`darlamasi’

***Maqseti:*** woqi’wshi’larda joqari’ ruwxi’y-a`dep-ikramli’li’q pa`ziyletlerdi qa`liplestiriw ha`m bekkemlew, wolarda «g`alaba ma`deniyat»qa qarsi’ immunitetti ta`rbiyalaw

1. Kiris so`z. Mektep direktori'ni'n` ruwxi'yli'q-ag`arti'wshi'li'q isleri boyi'nsha wori'nbasari'.

2. «Bizin` gazeta» basqi'shi'. Bul basqi'shta ha`r bir klass wo`zleri aldi'n ala tayarlap kelgen gazetalari' menen tani'sti'radi'. Gazetalar wolardi'n` avtorlari'ni'n` qi'zi'g`i'wshi'li'g`i'n, ko`z-qaraslari'n, fantaziyalari'n sa`wlelendiriwi kerek. Gazetalardi' tayarlawda baspaso`z materiallari'nan kollaj usi'li'nda da paydalani'wlari' mu`mkin. Gazetalardi' bahalawda to`mendegi wo`lshemlerge a`mel qi'li'nadi':

a) Gazeta materiallari'ni'n` bilim beriwshilik, ta`rbiyali'q, rawajlandi'ri'wshi' xarakterge iye ekenligi;

b) gazeta materiallari'ni'n` yumorg`a bayli'g`i'

v) gazetalardi'n` dizayni'

3. «Menin` muzi'kam» basqi'shi'. Ha`r bir klass woqi'wshi'lari' wo`zleri su`yip ti'n`laytug`i'n qosi'qlari'nan birin keshe qatnasi'wshi'lari'na yesittiredi. Yeger qosi'q shet tilde bolsa, wonda woni'n` rus yaki wo`zbek, qaraqalpaq tillerine awdari'lgan tekstin de beriwi kerek. Bul basqi'shta to`mendegilerge itibar qarati'ladi':

a) qosi'qlardi'n` mazmuni'ni'n` teren`ligi;

b) qosi'qlardi'n` tarti'mli'li'g`i' (keshe qatnasi'wshi'lari'ni'n` reaktsiyasi'na qarap ani'qlanadi')

4. «Blogger» basqi'shi'. Bunda ha`r bir klass-komanda qatnasi'wshi'lari' wo`zleri ushi'n sol momentte aktual boli'p turg`an waqi'ya, qubi'li's, na`rse haqqi'nda blogqa material tayarlaydi'. Qalg`an klasslar-komandalar usi' materialg`a kommentariyler jazadi'. Bul basqi'shta qatnasi'wshi'lardi'n` quwnaqli'g`i', ziyrekligi bahalanadi'

5. «Onlayn-awdarmashi'». Bul basqi'shta a`meliyatshi' studentler ta`repinen tayarlang`an zamanago`y jaslar ta`repinen sotsialli'q tarmaqlarda ko`p qollani'latug`i'n leksika u`lgileri keshe qatnasi'wshi'lari' ta`repinen a`debiy tilge awdarma qi'li'nadi'. Bul basqi'shta woqi'wshi'lar da, mug`allimler de

qatnasadi’. Basqi’shta islenetug`i’n jumi’stan maqset – jaslardi’ a`debiy til normalari’n qa`dirlewge, saqlawg`a shaqi’ri’w.

6. «Milliy qosi’qlar – ruwxi’yli’g`i’mi’z deregi». Bul basqi’shta ha`r bir klass-komanda wo`zleri tan`lag`an milliy qosi’qlardan birewin atqaradi’. Basqi’shti’n` maqseti milliy qosi’qlari’mi’z arqali’ jaslarda milliy mentalitetimizga ta`n qa`siyetlerdi bekkemlew
7. Juwmaqlawshi’ so`z. NMPI «Milliy ideya, ruwxi’yli’q tiykarlari’ ha`m huqi’q ta`limi» kafedrasi’ dotsenti A.Muratbaeva

## III. Miynetten kelse bayli’q – turmi’s bolar shi’rayli’ (sa`wbetlesiw)

**Maqseti: Wo**qi’wshi’larda miynetsu`yiwshlikti, hadalli’qti’, miynetke hu`rmetti qa`liplestiriw, sonday-aq pa`n boyi’nsha usi’ temag`a baylani’sli’ woqi’wshi’lardi’n` iyelegen bilim, ko`nlikpe, yepliliklerin jetilistiriw, woqi’wshi’lardi’n` wo`z betinshe, yerkin pikirlewin rawajlandi’ri’w.

**Ku`tiletug`i’n na`tiyje:**

Sa`wbetlesiw na`tiyjesinde woqi’wshi’lar –

- miynettin` ja`miyet, insan turmi’si’ndag`i’ a`hmiyetin an`lap aladi’;

- yelimizde miynet adamlari’na ko`rsetilip ati’rg`an di’qqat-itibar haqqi’nda tu`sinikke iye boladi’;

- woqi’wshi’larda sanali’ miynet islew ko`nlikpeleri bekkemlenedi;

- woqi’wshi’larda miynetsu`yiwshilik, do`retiwshilikke talpi’ni’w, hadalli’q, miynetke hu`rmet tuyg`i’lari’ rawajlanadi’;

- wo`z pikirlerin yerkin bayanlap u`yrenedi.

**Qurallandi’ri’w:** Prezident I.A.Karimovti’n` «Joqari’ ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh» kitabi’, su`wretler

**Wo`tkeriw metodlari’:** «Aqi’li’y hu`jim», gu`rrin`, soraw-juwap

**Sa`wbetlesiw waqti’** – 45 minut

**Sa`wbetlesiw bari’si’:**

I. Sho`lkemlestiriw (oqi’wshi’lardi’ ha`m miymanlardi’ sa`wbetlesiw maqseti, tiykarg`i’ jumi’s qag`i’ydalari’ menen tani’sti’ri’w)- 2 min.

II. Sa`wbetlesiw protsessi – 7 min.

a) «Aqi’li’y hu`jim». «Aqi’li’y hu`jim»de woqi’wshi’lar «Miynet adamg`a ne ushi’n kerek?» degen soraw a`tirapi’nda wo`z ideyalari’n rawajlandi’radi’.

Berilgen ideyalardi’ analizlew arqali’ mug`allim woqi’wshi’lardi’ miynet insan wo`mrinde za`ru`r barli’q materialli’q ha`m moralli’q bayli’qlardi’ do`retiw protsessi yekenligin, woni’n` insandi’ izzet-abi’royg`a, pa`rawanli’qqa jetekleytug`i’ni’n, fizikali’q ha`m aqi’li’y jaqtan jetilistiretug`i’nli’g`i’n an`lawg`a jetekleydi.

b) Ra`wiyatlar tiykari’nda pikir ali’si’w – 15 min.

Mug`allim woqi’wshi’larg`a a`ke ha`m bala tuwrali’ ra`wiyat ayti’p beredi. Wonda bir ret jerden zat ko`teriwge yeringen balani’n` usi’ zat tiykari’nda kelgen awqatli’q zat ushi’n bir neshe ret jerge iyilgenligi tuwrali’ so`z yetiledi. Yekinshi ra`wiyatta jalqaw balani’n` jumi’s islemey tapqan aqshalari’na (anasi’ bergen) jani’ ashi’mag`anli’g`i’, al miynet islep tapqan tiyinlari’ ushi’n qoli’n wotqa urg`anli’g`i’ tuwrali’ so`z yetiledi.

Ra`wiyatlar tiykari’nda pikir ali’si’wda mug`allim woqi’wshi’lardi’ miynet penen tapqan du`n`yani’n` qa`diri bolatug`i’nli’g`i’, tek yerinbey miynet yetiw joqshi’li’qtan qutqari’p, basqalarg`a g`a`rezli boli’wdan saqlaytug`i’nli’g`i’ tuwrali’ juwmaq shi’g`ari’wg`a jetekleydi.

s) Soraw-juwap tiykari’nda sa`wbetlesiw – 18 min.

1. Aqi’l ha`m fizikali’q miynet degende neni tu`sinesiz? wolardi’n` qaysi’si’ ja`miyet rawaji’ ushi’n a`hmiyetli?

2. Miynet penen qa`siptin` wo`z-ara baylani’si’ tuwrali’ sizin` ko`z-qarasi’n`i’z.

3. Keleshekte qanday ka`sip iyesi bolmaqshi’si’z?

4. Miynetsu`yiwshilik, hadalli’q, wo`zgeler miynetin hu`rmet yetiw degende neni tu`sinesiz?

5. Yelimizde miynette yerisken tabi’slari’ ushi’n insan qanday hu`rmet-izzet ko`rsetilmekte?

6. Miynet tuwrali’ qanday naqi’l-maqallar, qanatli’ so`zler, qosi’q ha`m ra`wiyatlar bilesiz?

III. Juwmaqlaw – 3 min.

Mug`allim sa`wbetlesiwdin` tiykarg`i’ juwmaqlari’n, ideyalari’n uli’wmalasti’radi’.

## IV. «Babur izleri menen»

*(Tariyxi’y-geografiyali’q viktorina)*

*Maqseti:* woqi’wshi’larda ulli’ babami’z Zahiriddin Muhammed Babur wo`mir joli’, iskerligi, do`retiwshiligine qi’zi’g`i’wshi’li’qti’ woyati’w, wolardi’ «Baburnama» shi’g`armasi’ni’n` tiykarg`i’ mazmuni’, ideyalari’ menen tani’sti’ri’w.

Wo`tkeriw ta`rtibi:

I. Komandalar wo`zlerin tani’sti’radi’. Ha`r bir komandag`a 3 minuttan.

II. Komanda sa`rdarlari’ bellesiwi.

Komanda sa`rdarlari’ ushi’n sorawlar

1. «Baburnama»da so`z yetilgen waqi’ya, qubi’li’slar qaysi’ da`wirge tiyisli? (XV a`sirdin` aqi’ri’-XVI a`sirdin` basi’ndag`i’ Worta Aziya, Awg`ani’stan ha`m Hindistandag`i’ waqi’yalardi’ wo`z ishine aladi’)

2. Baburdi’n` toli’q ismi-sha`ripi qanday? (Zahiriddin Muhammad Babur)

3. Baburdi’n` «Baburnama»dan ti’sqari’ qanday shi’g`armalari’ bar? (g`a`zelleri, rubayi’lari’, musi’lman huqi’qi’ boyi’nsha traktati’ «Mubayin», poetika boyi’nsha traktati’ «Aruz risolasi», sonday-aq muzi’ka, a`skeriy wo`ner boyi’nsha shi’g`armalari’ ha`m arnawli’ alfaviti «Xatt-i Baburi»)

4. Babur qashan, qaysi’ jerde tuwi’lg`an (14-fevral` 1483-ji’l)

5. Baburdi’n` ata-babalari’ tuwrali’ qanday mag`li’wmatlardi’ bilesiz? (a`kesi - womar shayx Mi’rza, atasi’ - A`mir Temur; ana ta`repinen atasi’ Yunus xanni’n` tu`p babalari’ Shi’n`g`i’sxanni’n` yekinshi uli’ Jag`atay xang`a bari’p tirelgen)

6. Babur neshe jasta, qaysi’ jerdin` ha`kimi boli’p dag`azalang`an? (12 jasta, Ferg`ana wa`layati’ ha`kimi (patshasi’))

7. Baburidler dinastiyasi’ qaysi’ aymaqta payda yetildi? (Arqa Hindistanda)

8. Babur Hindistan ushi’n sawashta qaysi’ sultang`a qarsi’ gu`resti? (Ibrahim Lodi)

9. Babur qashan qayti’s bolg`an ha`m qaysi’ jerde jerlengen? (1530-ji’li’ 26-dekabr`de wo`zinin` paytaxti’ Agrada qayti’s bolg`an. Wo`liminen bir qansha waqi’t wo`tkennen keyin woni’n` su`yegi Qabul qalasi’nda qala si’rti’ndag`i’ bag`da jerlengen, bul jer ha`zir «Bag`-i Babur» yamasa «Babur bag`i’» dep ataladi’).

10. «Baburnama» neshe bo`limnen ibarat ha`m wolarda neler so`z yetiledi? («Baburnama» 3 bo`limnen ibarat. Woni’n` 1-bo`liminde XV a`sirdin` aqi’ri’ndag`i’ Maverannaxrdag`i’ waqi’yalar, 2-bo`liminde Babur da`wirinde «Qabul uli’si’» dep atalg`an Awg`ani’standag`i’ waqi’yalar, 3-bo`liminde Arqa Hindistandag`i’ siyasiy waqi’yalar so`z yetiledi).

III. Komandali’q bellesiwler.

Komandali’q woyi’nlar ushi’n sorawlar

A) «Baburnama» geografiyasi’. Soraw boyi’nsha duri’s juwap zamanago`y ha`m tariyxi’y kartalarda ko`rsetip beriliwi kerek.

1. Baburdi’n` tuwi’lg`an u`lkesi Ferg`ana uli’si’ndag`i’ to`mendegi qalalar ha`zirgi ku`nde qaysi’ yellerdin` territoriyalari’nda jaylasqan` A`ndijan, Axsi, Kasan, wosh, Kanibad, Isfara, Marg`ulan, Xojent, U`zgen?

2. Babur qaysi’ qalani’ Ferg`ana uli’si’ni’n` paytaxti’ si’pati’nda ta`riypleydi ha`m bul jerdegi qawi’n, ju`zim, almurtlarg`a wog`ada joqari’ baha berip, basqa hesh bir jerde bunday miyweler joq yekenligin atap wo`tedi? (A`ndijan)

3. Baburdi’n` bayan yetiwinshe, bul qalani’n` qasi’nda womar Shayx mi’rzani’n` da`wirinde Bara-Kux tawlari’nan aq ha`m qi’zi’l si’zi’qlarg`a iye tas tabi’lg`an. Bul qaysi’ qala? (Wosh)

4. Bul jerge Babur sultan Xuseyin Mi’rzani’n` wo`liminen keyin kelgen, A`lisher Nawayi’ni’n` u`yinde toqtap, 20 ku`n bolg`an. Bul qaysi’ qala? (Gerat (Hirat)).

5. Bul qalada, Baburdi’n` bayan yetiwinshe, tiykari’nan sartlar jasaydi’, wolardi’n` arasi’nda mushlasi’w jari’slari’ wo`tkeriledi, sonday-aq bul jerdin` a`narlari’ wog`ada ayri’qsha (Marg`ulan).

6. Bul qala Isfara, Varux, Sux ha`m Xush`yar dep atali’wshi’ to`rt bo`lekten ibarat. Woni’n` ati’ qanday? (Isfara)

7. Xorasan degen geografiyali’q atama ha`zirgi ku`ndegi qaysi’ aymaqlardi’ wo`z ishine aladi’? (Iranni’n` arqa-shi’g`i’s rayonlari’, bul jerde tiykarg`i’ qala Meshxed)

8. Balx qalasi’ ha`zir qaysi’ jerde jaylasqan? (Arqa Awg`ani’standag`i’ Balx da`r`yasi’ni’n` boyi’ndag`i’ qala. A`yyemgi da`wirde woni’n` worni’nda Batriya paytaxti’ Baktra jaylasqan)

9. Merv qalasi’ qaysi’ jerde jaylasqan? (Worta Aziyani’n` yen` a`yyemgi qalalari’ni’n` biri bolg`an, woni’n` qaldi’qlari’ ha`zirgi ku`ndegi Tu`rkmenstan Respublikasi’ndag`i’ Mari’ qalasi’ni’n` shi’g`i’si’nda 30 km jerde jaylasqan. A`yyemgi da`wirde Margiana paytaxti’ bolg`an).

10. Tebriz (Tavriz) qaysi’ qala? (Iranni’n` u`shinshi astanasi’ni’n` (wa`layati’ni’n`) bas qalasi’, Iran A`zerbayjani’ni’n` worayi’)

11. Kandag`ar geografiyali’q atamasi’na tu`sinik berin` (Bul Awg`ani’standag`i’ Qandag`ar wa`lati’ni’ni’n` bas qalasi’. 1747-ji’li’ awg`an ma`mleketinin` birinshi paytaxti’ bolg`an).

b) Babur ta`repinen atap wo`tilgen tariyxi’y shaxslar kimler?

1. Sultan Abu Said

2. Gawhar Shad-Begim

3. Gulbadan-begim

4. Muhammed Shaybaniyxan

5. Ibrahim Lodi

6. Badi-az –Zaman ha`m Muzaffar mi’rza

7. Xumayun ha`m Kamran

8. Qutli’ Nigar-xani’m

9. Djahangir mi’rza

10. Xanzada begim
11. Mi’rza Uli’g`bek
12. Baysun`qar mi’rza
13. Kamaladdin Behzad
14. Rana Sanka (Rana Sangram Singx)
15. Alasha xan

IV. Ha`r bir komanda Babur shi’g`armalari’nan u`zindiler woqi’ydi’.

## Juwmaqlaw

«Milliy g`a`rezsizlik ideyasi': tiykarg`i' tu`sinik ha`m printsipler» du`rkiminen uli'wma worta bilim beriwshi mekteplerdin` 5-6 klasslari'nda woqi'ti'li'p ati'rg`an «Watan tuyg`i'si'» pa`ni jas a`wladti' milliy ideya ha`m ideologiya, joqari' ruwxi'yli'q negizinde ta`rbiyalawg`a tikkeley bag`darlang`an woqi'w pa`ni boli'p tabi'ladi'. Woni' woqi'ti'w protsessi tiyisli tu`rde tasti'yi'qlang`an normativ hu`jjetler tiykari'nda a`melge asi'ri'li'p bari'lmaqta.

Pitkeriw qa`nigelik jumi'si'mi'zda ko`terilgen mashqalalar, yag`ni'y bul pa`nnen kalsstan ti's jumi'slardi' sho`lkemlestiriw metodikasi' haqqi'nda pikirlerimizdi uli'wmalasti'ri'p, to`mendegi juwmaqlarg`a keldik:

1. Wo`zbekstan ko`p milletli ma`mleket. Ma`mleketimiz Konstitutsiyasi', bilimlendiriw haqqi'nda ni'zam hu`jjetleri ha`r bir adamni'n` wo`zinin` milliy ma`deniyati'n, qa`diriyatlari'n, u`rp-a`detlerin, da`stu`rlerin u`yreniwge huqi'q beredi. Sonli'qtan «Watan tuyg`i'si'» pa`ninin` woqi'w bag`darlamasi'ndag`i' millettin` u`rp-a`deti, da`stu`rleri, mentaliteti menen baylani'sli' temalardi' ta`lim wo`zbek tilinen basqa tillerde ali'p bari'latug`i'n mekteplerde sol millettin` wo`zgesheliklerin yesapqa alg`an halda woqi'ti'w za`ru`r boladi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' mekteplerinde qaraqalpaq xalqi'ni'n` u`rp-a`detlerin, da`stu`rlerin, qaraqalpaq xalqi'ni'n` milliy maqtani'shi' bolg`an tulg`alardi'n` wo`mir joli'n ha`m t.b. Geypara jag`daylarda pa`nge, temag`a aji'rati'lg`an saat ko`lemi sheklengenlikten bul jumi'slardi' klasstan ti's shi'ni'g`i'wlar, ruwxi'yli'q-ag`arti'wshi'li'q jumi'slari' tu`rlerinde ali'p bari'w da jaqsi' na`tiyje beredi.

2. «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi' ha`m ruwxi'yli'q tiykarlari'»n woqi'ti'wda pa`nnin` teoriyali'q ha`m a`meliy aspektlerin ashi'p beriwde jergilikli materiallardan paydalani'w wog`ada a`hmiyetli, bul wo`z gezeginde mug`allimnen bul tarawda jetik bilimlerdi, tayarli'qti', milletpa`rwarli'q, watanpa`rwarli'qti' talap yetedi. Bul milliy ideyami'zdi'n` milliy-ruwxi'y negizlerinin` boli'wi' menen ani'qlanadi'.

Wo`zbekstan ko`p milletli ma`mleket, wonda jasawshi' xali'qlar bir-birlerinen tek g`ana milliy, rasali'q, sotsialli'q shi'g`i'si' jag`i'nan g`ana yemes, al soni'n`

menen bir qatarda ken` paytaxt yelimizdin` wolar jasap, turmi’s keshirip ati’rg`an ha`r qi’yli’ aymaqlari’ni’n` sotsialli’q-ekonomikali’q jaqtan rawajlani’wi’nda belgili bir pari’qlardi’n`, wo`zine ta`n wo`zgesheliklerdin` wori’n ali’wi’ menen de aji’rali’p turadi’. Milliy g`a`rezsizlik ideyasi’ni’n` wo`tmishti, bu`gingi ku`ndi ha`m keleshekti baylani’sti’ri’p turi’wshi’ ko`pir boli’wi’, xalqi’mi’zdi’n` milliy wo`zine ta`nligin saqlap turi’p, milliy ma`plerin a`melge asi’ri’wg`a, milliy rawajlani’w jollari’n belgilewge xi’zmet yetiwi ushi’n joqari’da atap ko`rsetilgen faktorlar teren` izertlenip, ha`r ta`repleme u`yrenilgen boli’wi’ kerek. Bul a`lbette jergilikli wori’nlarda jasap, iskerlik ko`rsetip ati’rg`an ali’mlar menen izertlewshiler, ja`miyetlik ha`m siyasiy g`ayratkerler, millet pidayi’lari’ni’n` ilimiy-do`retiwshilik isleri menen ti’g`i’z baylani’sli’ dep bilemiz. Wo`ytkeni wolar xali’q wortasi’nda jasap, wolardi’n` ku`ndelikli mashqalalari’, ta`shwishleri, wolardi’ joqari’larg`a jeteklewshi maqset-umti’li’slari’, arzi’w-a`rmanlari’, wo`mirde insani’y qari’m-qatnas wo`lshemleri si’pati’nda ta`n alg`an qa`diriyatlari’, printsipleri menen jaqi’nnan tani’s. Wolar wo`zleri wa`kili boli’p tabi’latug`i’n xali’qlardi’n` milliy wo`zligin an`lati’wshi’ milliy-ruwxi’y qa`diriyatlar ruwxi’nda ta`rbiyalang`an ha`m wolardi’ wo`zlerine sin`irgen. Usi’ ko`z-qarastan jergilikli ilimpazlar menen izertlewshiler, jurnalistler menen ta`lim-ta`rbiya beriwshi ustazlar, ziyali’lardi’n` miynetlerinde milliylik, milliy xarakter, milliy wo`zlikti ayqi’n sa`wlelendire aladi’. Sebebi bul ha`r bir ma`mleket, millettin` alg`a ilgerilewinde, rawajlani’w basqi’shlari’na wo`rlewinde a`hmiyetli wori’n iyeleytug`i’n faktorlardan boli’p tabi’ladi’.

Bu`gingi ku`n jaslari’ ushi’n wo`zlerinen ali’stag`i’, wo`zleri tani’mag`an, bilmegen, yaki jasaw sha`rayati’, turmi’s ta`rizi wolardi’n` wo`zleri ushi’n biygana, natani’s bolg`an insanlardan ko`re du`n`ya tani’mi’, qa`diriyatlari’, turmi’s ta`rizi wo`zlerine tani’s, beyim, wo`zleri si’yaqli’ bolg`an insanlardi’n` wo`zlerinin`, ja`miyettin`, millettin` ha`m ma`mlekettin` pa`rawanli’g`i’ joli’nda iskerlik ko`rsetip, jetiskenliklerge yerisiwi turmi’sli’q mi’sal si’pati’nda keltirilse, anag`urli’m ta`sirshen` boladi’. Bunday u`lgiler jaslari’mi’zda keleshekke isenim, sotsialli’q a`dalatli’li’qti’n` bulji’masli’g`i’, ni’zamg`a hu`rmet, ruwxi’y ma`rtlik

ko`rsetiwge tayarli’q kibi joqari’ pa`ziyletlerdi ta`rbiyalaydi’. Wori’nlardag`i’ ilimiy, ilimiy-metodikali’q, ilimiy-ha`mmebap materiallarda mine usi’nday ma`seleler wo`zinin` ken` sa`wleleniwine iye boladi’. Mi’sali’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ turmi’si’nan mi’sallar alatug`i’n bolsaq, to`mendegilerdi atap ko`rsetiw maqsetke muwapi’q boladi’:

A). Qaraqalpaq xalqi’ni’n` awi’zeki do`retiwshiligin, a`debiyati’n, iskusstvosi’n woni’n` tiykari’nda milliy ideologiyami’zdi’n` tiykarg`i’ ideyalari’ni’n` jari’ti’p beriliwi haqqi’ndag`i’ materiallar usi’ xali’qti’n` milliy qa`diriyatlari’ni’n` ma`nis-mazmuni’ tuwrali’ ken` mag`li’wmat beredi. Bunnan ti’sqari’ xali’qti’n` milliy mentaliteti, wo`zligi haqqi’nda ken` bilimlerge, ko`z-qaraslarg`a iye bola alami’z ha`m bul wo`z na`wbetinde jas a`wladta milliy ar-nami’s, milliy maqtani’sh sezimlerinin` qa`liplesiwine, bekkemleniwine negiz boladi’.

B). Qaraqalpaq xalqi’ni’n` milliy qaharmanlari’, milliy maqtani’shi’ bolg`an shayi’r-jazi’wshi’lar, siyasiy g`ayratkerler, ilimpazlar, sportsmenler, ma`deniyat g`ayratkerleri ha`m t.b. (Berdaq, A`jiniyaz, Allayar Dosnazarov, Qalli’ Ayi’mbetov, Na`jim Da`wqaraev, Sabi’r Kamalov, Jumanazar Bazarbaev, Ibrayi’m Yusupov, Yerkinbay Quti’baev ha`m t.b.) wo`mir joli’, iskerligi, ko`rsetken xi’zmetlerin u`git-na`siyatlaw xarakterindegi materiallar jaslari’mi’zdi’n` milliy wo`zligin an`lawi’na, ag`a a`wladti’n` wo`mir ta`jiriybelerinen u`yreniwge, wolardi’n` yel-jurt ushi’n yetken pidayi’ miynetlerin, yerliklerin dawam yetiwge shaqi’ri’p turadi’ ha`m wo`mir joli’nda jol ko`rsetiwshi mayak boli’p xi’zmet yetedi.

V). Respublikami’zda ju`z berip ati’rg`an sotsialli’q-siyasiy, ekonomikali’q, ruwxi’y tarawlardag`i’ waqi’ya-qubi’li’slardi’n` baspaso`z betlerinde sa`wlelendiriliwi, wolardi’n` analizleniwi real turmi’sta ju`z berip ati’rg`an waqi’ya-qubi’li’slardi’n`, jan`ali’qlardi’n` milliy ideya ha`m ideologiya ma`nis-mazmuni’na sa`ykesligin, woni’n` tiykari’na quri’lg`anli’g`i’n an`lawg`a ja`rdem beredi. Sonday-aq bul tarawlarda ushi’rasi’p ati’rg`an kemshiliklerdi ko`rsetip, wolardi’ saplasti’ri’w mu`mkinshiliklerin izlewge shaqi’ri’p turadi’. Bul bolsa

aqi’r-aqi’bette milliy ideyami’zdi’n` tiykarg`i’ umti’li’wshi’ maqsetlerinin` biri ja`miyetimizdin` turaqli’ rawajlani’wi’na qaray jetekleydi.

3. «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s, ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriw ha`m ali’p bari’wda woqi’wshi’lardi’n` (5-6 klass) jas, psixologiyali’q wo`zgesheliklerin yesapqa ali’w ha`m wolardi’n` qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ menen sanasi’w ku`ta` a`hmiyetli. Bu`gingi ku`nde qaysi’dur a`hmiyetli ma`seleler haqqi’nda tek waz woqi’y beriw, pa`nd-na`siyat ayta beriw woqi’wshi’lardi’ zeriktiredi, ha`tteki, biyzar yetedi. No`kis qalali’q 6-sanli’ uli’wma worta bilim beriwshi mektepte qa`nigelik (pedagogikali’q) a`meliyatti’ wo`tew protsessinde bug`an a`miyn boldi’q. Sonli’qtan ko`birek «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen klasstan ti’s jumi’slardi’ sho`lkemlestirgende woyi’nli’, saxnali’, jari’s usi’llari’nan paydalani’w ko`birek na`tiyjeli boladi’. Woni’ bizler, a`meliyatshi’ mug`allimler mektepte «Asfal`t u`stindegi su`wretler», «Watani’mdi’ ji’rlayman» watanpa`rwarli’q qosi’qlar ko`rik-tan`lawi’, «Babur izleri menen» viktorinasi’n wo`tkeriw protsessinde jaqsi’ an`ladi’q

4. «Watan tuyg`i’si’» pa`ninen woqi’wshi’lardi’n` iyelegen bilim, ko`nlikpe, yepliliklerin mektepten ha`m sabaqtan ti’s jumi’slardi’ ali’p bari’w arqali’ bekkemlew, jetilistiriw imkaniyatlari’ ken`, usi’l ha`m qurallari’ ra`n`-ba`ren` boli’p tabi’ladi’. Bul jerde tiykarg`i’ di’qqatti’ wolardi’n` na`tiyjeliligin artti’ri’wg`a qarati’w lazi’m.

## Paydali’ni’lg`an a`debiyatlar

Karimov I.A. Barkamol avlod – O`zbekiston taraqqiyoti poydevori.T.: O`zbekiston, 1997

Karimov I.A.Yuksak ma`naviyat – engilmas kuchT.: Sharq, 2008

Islom Karimov. 2012 yil Vatanimiz taraqqiyotini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi // O’zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning 2011 yilning asosiy yakunlari va 2012 yilda O’zbekistonni ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirishning ustuvor ywnalishlariga bag`ishlangan Vazirlar Mahkamasining majlisidagi ma`ruzasi // T.: O’zbekiston, 2012.

Avloniy A. Turkiy guliston yohud axloq. T.: O`qituvchi, 1992

Ishmuhamedov R., Abduqodirov A., Pardaev A. Tarbiyada innovatsion texnologiyalar. T.: Iste`dod, 2010

Ishmuhamedov R., Abduqodirov A., Pardaev A. Ta’limda innovatsion texnologiyalar. T.: Iste`dod, 2010

Ma`naviyat darslari. //Tuzuvchi S.Nishonova - T.: O`qituvchi, 1994

Musurmanova O. O`quvchilarning ma`naviy madaniyatini shaklantirish.- T.: 1991

Tarbiyaviy ish metodikasi. //L.I.Ruvinskiy tahriri ostida. – T.: Tarbiyachi, 1991

Milliy g`oya: targ`ibot texnologiyalari va atamalar lug`ati. T., Akademiya, 2007

Milliy g`oya: nazariy manbalar. T., Akademiya, 2007

Pedagogika. O`quv qo`llanma. T., 1996

O`zbek pedagogikasi antologiyasi. T.: Tarbiyachi, 1995

Bazarbaev J. Ma’na’wiyatimiz ma’seleleri. N., 2000

Натанзон Е.Ш. Психологический анализ поступков ученика. М., 1991

Натанзон Е.Ш. Приемы педагогического воздействия. М., 2002